33. Sumalidewa : Wruhanana yayi patih, iya yen tinolak lamarane Yaksendra Jalawalikrama bisa nampa, bisa nrima. Ning kosok baline, wong jenenge nalendra ing Sunggela Manik iku nalendra kang hannderbala tegese sugih bala, Negara Sunggela Manik iku negara kang agung, negara

- kang gedhe. Ing ngarep wis dak kandhakna Negara Purwacarita iku negara cilik, aja-aja anggone tinolak dening bendaramu Sumaliwati ora bisa nampa banjur ngetapna para wadyabalane, bendaramu Ayu Sumaliwati banjur rinoyok rosa rinebut wani, sarana nggepuk negara, ngrusak pranatan ing Negara Purwacarita, sepira jembare Negara Purwacarita, sepira kasantosane wadyabalaku, ora wurunga Negara Purwacarita bakal dadi opak-opak segara getih, sarah mayit. Yayi patih, ya iki kang ndadekake sungkawaning penggalihingsun. Mula wiwit mau ingsun ora kersa paring dhawuh marang jeneng sira.
34. Mangkupraja : Inggih.
35. Sumalidewa : Se.. jajal menawa sira bisa atur wawasan marang panjenenganingsun dak rasakne.
36. Mangkupraja : Sinuwun, yen mboten mangertos dipun paringi pangertosan punika sampun limrah. Ning sak wangsulipun. Tiyang mboten purun punika mboten kening dipun peksa sinuwun, yen dipun peksa sinuwun, kados pundi mangke keng putra Sumaliwati, mboten wandeya badhe kebak rasa prihatin nadyanta dipun garwa nalendra gung binathara kados Prabu Jalawalikrama, kasiksa ing batos sinuwun, tiyang mboten tresna.
37. Sumalidewa : Nah, awit saka iku yayi patih, iku kang dak kuwatirna. Mula kanggo tata-tata, ora njagani elek, nanging kudu siyaga manawa sawayah-wayah ana ora trimane nalendra saka Sunggelamanik, wadya ing Purwacarita wis siyaga sak durunge, wis tata-tata sak durunge, ana apa-pane ora nganti nguciwani.
38. Mangkupraja : Mekaten sinuwun.
39. Sumalidewa : Ya...
40. Mangkupraja : Inggih mangestokaken dhawuh, yen ta punika ingkang dipun dhawuhaken sinuwun, ingkang abdi Patih Mangkupraja badhe nindakaken kanthi suka rila legawa. Kula mboten badhe trimah yen ta Negari Purwacarita dipun jaharajah dening nalendra saking manca negari, napa malih badhe kajongkeng wibawa panjenengan ndalem gusti kula Prabu Sumalidewa, badhe kula rencangi pecahe dhadha wutahe ludira kang wekasan.

41. Sumalidewa : He... tobat, iya patih, muga cocog karo prase-tyamu, negara Purwacarita bisaa ayem tentrem ora ana apa-apa lan muga Prabu Jalawalikrama bisaa nampa apa sing dadi kersaning-sun. O...

Pocapan Tekane Tamu

Wauta mangkana Sang Prabu Sumalidewa anggenipun wawan rembang kaliyan Rekyana Patih Mangkupraja. Ngibarat mucang dereng abrit, ngidu dereng tumiba ing paidon kencana, kasar u geger njawi..... O., gegere njawimiyaking pambarisan ing pangurakan, sinten ta ingkang arsa sowan tanpa katimbangan. Arsa seba tanpa sabawa kanthi myak lampit mandhala giri trantanan pundhak yot-yotan pupu nyandhung epok galeyah-galeyah minggah paseban. Punika ta praptane nalendra Sunggela Manik. Umyaking para wadiya bala....

Mungel gendhing Gedhog Tamu laras Slendro pathet Wolu, praptane nalendra Sunggelamanik. Patih Mangkupraja kaentas lajeng sembah nuli mundur mangiwa arsa mapak tamu. Prabu Jalawalikrama nalendra saking Sunggelamanik kawedalaken saking sisih kiwa manengen kanthi kabeksaaken, ringgit nuli tancep siti inggil kiwa. Patih kawedalaken saking sisih kiwa, atur sembah nuli tancep ing paseban sisih tengen sak wingkingipun raden Sumalintana. Gending sirep lajeng kajantur.

Janturan Tamu

Gleyah-gleyah nggennya lumampah minggah paseban agung, punika ta warnanipun nalendra saking Negari Sunggela Manik jejuluk sang Prabu Jalawalikrama. Gagah prakosa gung birawa rinangga busana kaprabon sangsaya gawe cakrak bregas kebak prabawa yen ta kacandra wandane Sang Prabu Jalawalikrama trawaca yen ta nalendra tedhak braham, tansah ngegung-ngegungaken watak angka-ra. Punapa ingkang dados wigatosipun tebih saking Negari Sunggela Manik prapteng Purwacarita, dereng kaaturaken, mendel ing ndalem sawetawis. Kagyat Sang Prabu Sumalidewa nampi rawuhe tiyang agung Sunggela Manik, awit dereng nate tetepungan pramila enggal kaaturan rawuhipun nalendra saking Sunggela Manik.
Gending Udhar, suwuking gendhing lajeng ginem.

Ginem.

42. Sumalidewa : Nuwun-nuwun mangke, yen ta kula tingali saking busana sampun cetha yen ta panjene-

ngan punika satunggalipun nalendra. Sang prabu, sawatawis anggen panjenenganipun rawuh wonten paseban Purwacarita muging klilana kula ngaturaken pasegahan panakrami konjuk ing ngarsa, nuwun.

Bendhengan

2̇ 2̇ 2̇ 2̇ 2̇ 2̇ 2̇ 2̇ 2̇ 2̇
Dasamuka neran kapineran

6̇ 1̇ 2̇ 2̇ 6̇ 16̇ 6̇ 6̇ 6̇ 6̇ 6̇ 2̇-121̇
Rikmanya kadya to-ya kabendhana, o

5 5 5 5 35 32 2 2
Sambate ing ba - pa i - ra

6 6 6 6 6 6 5 5 5 5 5 5
Yana sambate mring ba - pa i - ra citraba - ya

Ginem.

43. Jalawalikrama : Estungkara manik raja dewaku, we lah dalah. Sang prabu...., saderengipun kula ngaturaken punapa ingkang dados kekajengan kula prapteng punika negari, salam kula katur wonten ngarsa panjenenganipun sinuwun ing Purwacarita.
44. Sumalidewa : Inggih dhawah sami-sami kula tampi, sugeng rawuhipun.
45. Jalawalikrama : Inggih, pangestu panjenengan, niskala anggen kula prapteng Negari Purwacarita kanthi wiantu ing kabasuken, kabasunandha.
46. Sumalidewa : Sokur mangayu bagya, para warga akrab ing negari pundi paduka.
47. Jalawalikrama : Inggih, tepangaken, inggih kula ingkang sesasi kepengker ngutus abdi kula Rekyana Patih Bramangkara. Kula Nalendra Sunggela Manik, Prabu Jalawalikrama nami kula sinuwun.
48. Sumalidewa : Oh....oh..oh, dados panjenengan ingkang jeju-luk Prabu Jalawalikrama.
49. Jalawalikrama : Inggih, calon mantu panjenengan sinuwun.
50. Sumalidewa : Sang Prabu Jalawalikrama.
51. Jalawalikrama : Wonten dhawuh.

52. Sumalidewa : Dados panjenengan ingkang ngutus ingkang abdi Rekyana Patih Bramangkara kinen ngaturaken nawala ingkang isinipun nawala pang-lamar.
53. Jalawalikrama : Inggih leres. Kula ngajengaken putra panjenengan ingkang pembarep kusumaning ayu Ni Dewi Sumaliwati. Natkala semanten Rekyana Patih Bramangkara kautus wangsul ing ndalem sawetawis saking Negari Purwacarita ingkang wigatosipun ngrantos wangsulan saking Sumaliwati. Samenika kula sowan wonten ngarsa panjenengan sinuwun, mboten sanes namung sepisan kula nglamar idhep-idhep ngarak.
54. Sumalidewa : Nglamar tur nggih ngarak.
55. Jalawalikrama : Inggih.
56. Sumalidewa : Punapa nggih pitados saestu yen badhe kawula tapi.
57. Jalawalikrama : Kedah dipun tapi, kepareng kula boyong, mboten kepareng inggih dinten punika ugi badhe kula boyong dhateng Sunggela Manik. Badhe kula ajak mukti ngawibawa wonten Negari Sunggela Manik dados garwa padmi Prabu Jalawalikrama. Oh...sinuwun kula aturi ngraosaken, yen ta kang putra dados garwanipun Prabu Jalawalikrama dipun timbang kemawon, Negari Purwacarita punika negari alit, negari mboten kondhang, negari mboten kuncara, liripun makaten. Lajeng kang putra dados garwanipun nalendra gung bhirawa ingkang handerbala, ibarat Jalawalikrama punika nalendra ingkang bantalan donya, kinepung bandha. Cetha yen ta ingkang putra punika ibaratipun kurung munggah lumbung. Kirang punapa Jala Walikrama, pramila ampun ndadak kathah-kathah ingkang dipun penggalih, ingkang putra mugé enggala katimbangan supados sumerap piyambak sepinten gagah ngganthenge Jalawalikrama. Yen mangke sampun nyumerapi dhateng kula, oh.... Sinuwun, mboten wande badhe ngrangkul pepada, mboten ngangge dipun tari malih sampun tamtu sumarah dhateng ke-kajengan kula sinuwun.
58. Sumalidewa : Mangke rumiyin, mangke rumiyin sang prabu, ndadosaken kawuningan. Inkang badhe hanglampahi menika sanes kula, nanging anak

- kula. Kula saget nampi lamaran panjenengan nanging anak kula samangke yen mboten purun kados pundi....
59. Jalawalikrama : Pintera anak luwih ngerti wong tuwa. Kados pundi kawicaksanaan panjenengan Prabu Sumalidewa anggenipun ibarat wesi saget angeluk dhateng kang putra purun dados garwa kula. Yen panjenengan sang Prabu Sumalidewa mboten saget angrum-rum dhateng ingkang putra supados dados garwa kula, nuwun sewu sinuwun, lajeng panjenengan punika tiyang sepuh punapa namipun. Kedah saget, kedah purun, kedah kula boyong dhateng Sunggela Manik.
60. Sumalidewa : Yen tetep mboten purun lajeng kados pundi.....
61. Jalawalikrama : Badhe kula rudaparipeksa, yen ngantos mboten dipun tampi lamaran kula ing dinten mangke. Yen Patih Bramangkara saget dipun wangsulaken dhateng Negari Sunggela Manik, ning sapunika ratune, sing ndugi mriki ratune, sanes patih. Kantun nimbangi kemawon dipun tampi napa dipun tolak. Yen kasantosane para wadya bala, mboten wandeya badhe kula damel sarah mayit, opak-opak segara getih, yen perlu Negari Purwacarita badhe kula damel sungsang bawana balik.
62. Sumalidewa : We.. lah dalah. Duh sang prabu, inggih nembe katemben punika kula nampi tamu ingkang kirang tata. Tur malih panjenengan punika nalendra, kok mboten pantes yen ta nalendra punika ngucap wonten negarinipun liyan kanthi nilaraken subasita kados panjenengan. Sinuwun yen ngaten mboten ngangge anak kula. Cekap kula kemawon. Dereng dados mantu sampun wani kalih maratuwa, dereng dados anak mantu sampun kados-kados kaduk anggenipun ngendika wonten madyane paseban. Dados, cetha kula mboten saget nampi. Kados pundi kemawon anak kula dereng purun kapundhut garwa dening sinten kemawon. Awit saking punika sang prabu, kula suwun kanthi dhanganging penggalih panjenenganipun Sang Prabu Jalawalikrama kula tolak anggenipun ngajengaken anak kula.
63. Jalawalikrama : We.. lah dalah..!!

Bendhengan *Laras Slendro Pathet Wolu*

$\dot{2} \dot{2} \dot{2} \dot{2} \dot{2} \dot{2} \dot{2} \dot{2} \dot{2} \dot{2} \dot{2} \dot{2}$
 Yana andhik dukane sang rajapati

$\dot{6} \dot{1} \dot{3} \dot{2} \dot{2} \dot{6} \dot{16} \dot{6}$
 Ranangga-na mangsa sa-ran

$\dot{1} \dot{2} \dot{2} \dot{2} \dot{2} \dot{2} \dot{2} \dot{1} \dot{1} \dot{1} \dot{1}$
 Mangliweran mangendha gelap

$\dot{5} \dot{5} \dot{5} \dot{5} \dot{5} \dot{5} \dot{35} \dot{32} \dot{2} \dot{2}$
 pra prajurit wus ma-gut ing laga

$\dot{6} \dot{6} \dot{6} \dot{6} \dot{6} \dot{6} \dot{6} \dot{6} \dot{65} \dot{5} \dot{5} \dot{5}$
 yana pra pra-jurit wus magut ing laga

Ginem.

64. Jalawalikrama : Wah..dak jabel basaku. Hem..najan calon maratuwa yen ucape nyimpang saka weding nalendra sejati, wah.. wajib calon mantu wani karo sliramu. Amit sang prabu, mumpung durung. Yen ora mbok tanpa lamarane Jalawalikrama wah.... Rusak negaramu, temen rusak. Tak wenehi wektu ora nganti lingsire srengenge, dak anti ana madyaning alun-alun tinimbang iki mengko geger ana perseban kurang trep mungguhe aku nalendra sliramu ratu, adu jurit ana perseban agung. Alun-alun jembar, tak anti ana alun-alun nganti lingsire srengenge ora antuk kaputusan, tontonen...wah , rusak negaramu. Sawatara aku njaluk ninge rasamu, rasakna tak wenehi wektu sithithik.

Gangsa mungel krucilan laras Slendro pathet Wolu. Prabu Jala walikrama kabedhol medal paseban. Gangsa kasuwuk lajeng ginem.

Ginem.

65. Sumalidewa : Mangkupraja...

66. Mangkupraja : Wonten dhawuh sinuwun.

67. Sumalidewa : Kaya-kaya ora saranta rasamu.

68. Mangkupraja : We.. lha dalah sinuwun, sewu lepat raja pinolah, matur duka sakderengipun dene ingkang

- abdi kala wau kados-kados datan saranta yen ta mirengaken ucap-ucap saking nalendra angkara Sang Prabu Jalawalikrama.
69. Sumalidewa : Patih, aja disaranani amung tosing balung kande-kulit. Wruhana adu karosan isih unggul adu weninging rasa. Lambarana sarana weninge batin ya yayi. Sing dak kuwatiri Prabu Jalawalikrama iki mokal yen ora nalendra kang digdaya. Jala Walikrama iki mokal yen ta ora pilih ing tandhinge, yen ta ndeleng katurangan apadene ucape. Mula yayi yen pancene sliramu prasetya marang panjenenganingsun, suka, rila, legawa kanggo nusa lan bangsamu ing Negara Purwacarita, ngayomi marang para warga. Metua njaba, adhepana Prabu Jalawalikrama, ketapna para wadya bala. Sabisa-bisa aturana pangemut yen bisa aja nganti ana panca bakah, sokur bage yen Prabu Jalawalikrama banjur bisa nampa aturmu kersa kondur marang negarane.
70. Mangkupraja : Mekaten sinuwun...
71. Sumalidewa : Ya...
72. Mangkupraja : Menawi mboten purun wangsul dhateng negarinipun..
73. Sumalidewa : Dosa lara ngideni, dosa pati ora nglilani, awit iku tamu ya yayi. Tamu wajib dikormati, aja nganti dilarani rasane.
74. Mangkupraja : Mekaten ngestokaken dhawuh sinuwun.
75. Sumalidewa : Ya patih....
76. Mangkupraja : Namung pangestunipun sinuwun ingkang kula suwun.
77. Sumalidewa : Tak pangestoni aja kaya bocah cilik, sing waspada aja tinggal kaprayitnan, tak rewangi meminta ana ngarsane gusti muga paring pangayoman marang bangsa Purwacarita. Bisa ayem, ayom aja nganti ana rubeda, yayi patih.
78. Mangkupraja : Inggih mugi mekaten sinuwun

Pocapan

Paripurna anggenipun paring dhawuh Sang Prabu Sumalidewa sigra jengkar saking palenggahan ngagem gamparan bungkul kencana arsa kondur hangedhaton. Minggah sanggar pamujabrata meminta dhateng dewa ingkang Murbeng Kawasa. Rehdene enggal kewala wonten nalendra Sunggela Manik ingkang badhe ngrisak tatanan negari. Sekeling penggalih pramila nggennya lumaksana sakedhap sa-

kedhap kendel. Sareng enget yen ta kairing dening kang garwa gegancangan rancak nggennya lumaku.

Gangsa mungel Gedhog Rancak laras Slendro pathet Wolu. Prabu Sumalidewa kabedhol kaentas manengen. Patih Mankupraja kabedhol, atur sembah kaentas mangiwa. Raden Sumalintana kabedhol, atur sembah kaentas mangiwa. Para punggawa kabedhol, atur sembah kaentas mangiwa. Emban kebedhol, marep manengen beksa lembehan lamba, tolehan lajeng seblak sampur, lajeng lampah rangrep, kaentas manengen. Sigeg kayon, tancep paseban tengen, tanda gantos gapuran. Prabu Sumalidewa lumampah saking kiwa manengen sarambahan. Sigeg kayon, tancep paseban tengah miring mangiwa. Gending suwuk lajeng pocapan.

Pocapan

Sang prabu Sumalidewa kondur angedhaton anglangkungi gapura cinapuri tundha pitu palawangane bupati ratu. Sri manganti-anti liripun sri: wadon, manganti-anti: hanunggu. Sinten ta ingkang hanengga konduripun sang prabu, amung ingkang garwa. Sareng kepanggih kaliyan ingkang garwa sang prabu Sumalidewa sigra gandheng asta, manjing dhateng dhatulaya. Wonten dhatulaya mboten enggal dhahar utawi ngenggar-enggar driya nanging sigra lukar busana keprabon, gantos busana kabrahmanan arsa minggah sanggar pamuja brata, meminta sihing bathara mugi Negara Purwacarita tinebihaken ing sengkala tansah kahayoman dening bathara. (dhodhog). Ning lan neng wus manjing wonten salebeting sanggar pamujabrata, sang prabu mantheng anggenipun manembah. Satunggal ingkang kasembah, amung pangwasane Gusti ingkang murbeng jagad. Tan kacariyos sang prabu wonten salebeting sanggar pamuja brata, gantya kang winuwus, kawuwusa ingkang wonten alun-alun Purwacarita, sanggyaning para wadya bala.

Bendhengan Budhalan

5 5 5 5 5 5 5 3 5 5 5 2 3 2 2 2

Enjing bidhal gumuruh, gumuruhing pra wadya bala

5 3 5 2 6 1 6 6 3 3 3 3 3 2 3 2

Saking jroning praja, duk mungap mungup a neng,

1 1 1 1 1 1 1 5 6 5 5

sapucaking wukir wus ka ti ngal

1 2 2 2 2 2 2 1 1 1
Tinangkis gunawan wibisana

5 5 5 5 5 2 3 2 2
Tiga warna wus kanyata

2 3 5 5 5 5 5 5 5 1 6 5 5 1
Yana tri margana dadya tiga warna, Oo

Ginem.

79. Bramangkara : Nuwun mangke sinuwun, gurawalan anggenipun kang abdi marak wonten ngersa dalem sinuwun, nimbali kang abdi wonten wigatos punapa sinuwun.
80. Jalawalikrama : He... Patih Bramangkara.
81. Bramangkara : Inggih wonten dhawuh sinuwun.
82. Jalawalikrama : Ngertenana yen anggonku nglamar dina iki wis cetha ditolak. Natkala sliramu sesasi kepungkur dak utus sowan ana ngersane Sang Prabu Sumalidewa kaya ngapa....
83. Bramangkara : Inggih kang abdi kautus wangsul rumiyin dhating Negari Sunggela Manik, ngrantos gusti kula ayu Dewi Sumaliwati anggenipun siram jamas sesuci. Awit badhe nampi lamaran saking gusti kula Prabu Jalawalikrama.
84. Jalawalikrama : Ning nyatane dina iki aku dibalekna, kaya-kaya Prabu Sumalidewa ora keduga ndeleng Prabu Jalawalikrama.
85. Bramangkara : Lajeng kersanipun sinuwun.
86. Jalawalikrama : Iki mau Prabu Sumalidewa dak wenehi wektu sethithik kanggo mikir, yen nganti lingsire srengenge ora antuk keputusan, jebol cepurine Negara Purwacarita. Mula Bramangkara, entenana ana sak ngisore wit gurdha iki, jajal mengko kaya ngapa keputusane Prabu Sumalidewa.
87. Bramangkara : Lajeng penjenengan dalem sinuwun.
88. Jalawalikrama : Ingsun bakal mesanggrah ana ing pinggire alun-alun Purwacarita, mengko yen wis nampa keputusan enggal aturna marang ing sun.
89. Bramangkara : Mekaten sinuwun.
90. Jalawalikrama : Ya.
91. Bramangkara : Inggih, menawi mekaten keparenga kang abdi

nyuwun pamit saha nyuwun tambahing pangestu.

92. Jalawalikrama : Aja kaya bocah, tak pangestoni sing ngati-ati Patih Bramangkara.

93. Bramangkara : Sendika, mangestokaken dhawuh sinuwun.

Gangsa mungel Ayak Kempul Kerep laras Slendro pathet Wolu. Patih Bramangkara kabedhol atur sembah nuli lumampah mangiwa. Prabu Jalawalikrama kabedhol kaentas manginggil (mabur) lumampah manengen. Sigeg kayon, tanda gantos papan, madyaning alun-alun Purwacarita. Patih Mangkupraja medal saking tengen kanthi asta walangkerik, papagan lan patih Bramangkara saking kiwa kanthi tangan walangkerik, ringgit sami tancep ing siti inggil tengen lan kiwa, patih Bramangkara nuli capeng. Mujeni lan Mundu medal saking kiwa nuli tancep paseban kiwa katata sak wingkingipun patih Bramangkara. Gendhing suwuk kalajengaken bendhengan.

Bendhengan

2 2 2 2 2 2 2 2 2 6 1 2 2 2 6 16 6

Yana indrajit mara gelis, Pramudhita rimbagana

1 2 2 2 2 1 1 1 1 5 5 5 5 5 5 5 5 2 3 2 2

Nitih kreta manik maya, Ngayatana jemparing trimargana

2 3 5 5 5 5 1 6 5 5 1

Sigra lumepasing jemparing, O

Ginem.

94. Bramangkara : Lha dalah, ora pangling aku, yen ta iki Patih Purwacarita Rekyana Patih Mangkupraja.

95. Bramangkara : Ya.... sliramu ora pangling karo aku. Kosok baline aku ya ora lali karo sliramu natkala sliramu sowan ana ngarsane bendaraku Prabu Sumalidewa. Sliramu iki rak Patih Bramangkara.?

96. Bramangkara : Bener, bener apa kang dadi kandhamu.

97. Mangkupraja : Bramangkara ana paran.

98. Bramangkara : Ora ngonone. Sliramu anjog saka paseban mrepegi aku sajak ana wigati.

99. Mangkupraja : Ngembun dhawuhe bendaraku Prabu Sumalidewa. Nadyan dikaya ngapa bendaraku Dewi Sumaliwati ora bakal kersa yen ta kagarwa dening Prabu Jalawalikrama. Sapisan isih durung

kersa kawengku dening priya, angka kapin-dhone bendaraku isih seneng ndherek kang rama lan ibu sasat ora kena ginggang saram-but. Mula aturna marang bendaramu kang lagi mesanggrah, aturana kondur marang Negara Sunggela Manik.

100. Bramangkara : Dadi cethane lamaran iki ora ketrima.
 101. Mangkupraja : Ora ketrima..??
 102. Bramangkara : We.....lha dalah. Panakawan !! lamarane bendaramu cetha ditolak.
 103. Mujeni : Nuwun sewu ndara, menawi kepareng kula sumela atur.
 104. Bramangkara : Matur apa..??
 105. Mujeni : Tiyang nglamar niku sami kaliyan tiyang njaluk, nun....
 106. Bramangkara : Heh.....
 107. Mujeni : Tiyang nglamar iku sami kaliyan tiyang njaluk.
 108. Bramangkara : Wong nglamar padha karo wong njaluk. Tege-se.....
 109. Mujeni : Tiyaang nyuwun utawi tiyang njaluk punika yen diparingi nggih sae, dipun tolak mboten napa-napa lak ngoten-a nun... lha reh dene niki dipun tolak, mangga nun....bendara kula Prabu Jalawalikrama mangga dipun aturi kondur kemawon. Wong gak gelem niku mboten kening dipun peksa, wong mboten tresna kok, nek dipaksa..... dadia bojo nggih mboten enten rukun-rukune. Gegeeeran mawon, ngoteen...
 110. Bramangkara : Nanging bendaramu wis percaya karo patih Bramangkara. Bisa ora bisa Sumaliwati kudu boyong marang Sunggela Manik.
 111. Mujeni : Lha... yen meksa dipun tolak..?
 112. Bramangkara : Piiira jembare Negara Purwacarita, sepira kekuwatane para wadya balane. Ora kathik nganggo kesuwen bakal silem kabrastha Negara Purwacarita.
 113. Mujeni : Lha... wadya balane eenten niku.
 114. Bramangkara : Kadar piira, iki Patih Mangkupraja iki, oh....Tak anggep ora ana sak pethite kuku ireng kadigdayane karo Patih Bramangkara. Rika lak eruh dhewe, aku lak digdaaaya-a.
 115. Mundhu : Jar-na ae cak, wis jarna dipenggak-a gak gelem, wong kono wong pengkuh kok, wong ngono iku dijak ngidul meksa menggok ngalor.
 116. Mujeni : Iya...
 117. Mundhu : Wis jar-na ae.

118. Mujeni : Nanging ndara kula niki yo' napa mawon nggih bendara. Enten cilakane engkin kula niki ndherek susah. Pancene punika namung tiyang setunggal, lha... bendara kula Jalawalikrama takasih mesanggrah. Kinaroyok wadya bala sementen kathahipun, nuwun sewu nun..... kathah apese timbang jayane, kathah kalahe timbang menange. Mumpung dereng kalah mangga ngalah mawon, wong ngalah niku luhur wekasane.
119. Bramangkara : (Patih Bramangkara, kabedhol nuli tancep milih marep mangiwa sak ngajengipun mujeni). Cetha panakawan iku nyepelekna aku, iya.... iya !! kepinteren koen (ngaplok). Bramangkara kroyoken aja siji loro, sewu bareng maju gak bakal mundur. Mbok anggep apa aku iki he.... Mbok anggep apa (ngaplok).
120. Mundhu : Sawangane bodho ning goblog rika iku cak. Iku ngono jragan, bodho.... Jragan iku malah bombongen cik nyah-nyoh ngono lho. Wong jragan di blesna. Heh... yo' apa ndara iku kondhang, aja mapak wong siji loro wong aku iki tau eruh ditawur wong satus gak mundur kok.
121. Bramangkara : Sliramu eruh ki'.
122. Mundhu : Aku saksine, goblog....
123. Mujeni : Wadhuuh... iya ta ndhu.
124. Mundhu : Lho iiiiya, aja mapak Patih Mangkupraja. Wadya bala endi ki mau.....
125. Mujeni : Purwacarita.
126. Mundhu : Iya... dewa ae gak diwedeni kok.
127. Bramangkara : Iki tau ngerteni.
128. Mundhu : Aku ngono tau ngerteni, ngono lho. Dene iki mengko mungsuh ndara Patih Mangkupraja ngantek kalah, gedhene ciri ngantek tugel gulune, matek dikubur lak ya uuuuwis-a (dikaplok). Titenana, aku ngomong ngene iki titenana. Ngene lho ngomong iku, lak nggih ngoten nggih ndara patih.
129. Bramangkara : Kurang ajar.... malah ngapesna aku (plok).
130. Mundhu : Ngono lho ngomong iku, ditempling imbu.
131. Mujeni : Wak...apa ndhu, olehmu ngomong koen iku.
132. Bramangkara : Patih Mangkupraja.
133. Mangkupraja : Ana paran.
134. Bramangkara : Tak jaluk Sumaliwati.
135. Mangkupraja : Ana syarate.
136. Bramangkara : Apa syarate.

marep manengen, asta walang kerik. Gendhing suwuk lajeng ada-ada/bendhengan.

Bendhengan

$\dot{2} \dot{2} \dot{2} \dot{2} \dot{2} \dot{2} \dot{1} \dot{1} \dot{1} \quad 5 \ 5 \ 5 \quad 5 \ 2 \ 3 \ 2 \ 2$
 Yana netra cak su na ya, restinya maluncana

$6 \ 6 \ 6 \ 6 \ 6 \ 6 \ 6 \quad 6 \ 5 \ 5 \ 5 \ 5$
 Karna-karni wategnya dadya sawiji

Ginem.

144. Bramangkara : Lha...dalah. Nyata-nyata digdaya warangka Negara Purwacarita. Cocog karo unine, cocog karo sumbare. Lena pangendhaku jinempala pilinganku, waaadhuuh... kaya ketiban wesi gligen rasane. Dibuwang tiba sak pembalang Bramangkara. Lha dalah...sa ha ha he Mangkupraja..... Digdaya sliramu.
145. Mangkupraja : Hayo iki sing mbok karepna, iki sing mbok jaluk. Sura mrata jaya mrata sudira kang wani mati. Bacutna anggonmu ngayoni yudane Patih Mangkupraja. Sunteken kasudiranmu wateg-en aji jaya kawijayanmu. Ora enggal minggat saka Negara Purwacarita, ora wurung bakal minger cagake gulumu.
146. Bramangkara : Bagus !! ya... ya.... (Gadhingan).
147. Mangkupraja : Wis lumrah wong menang sumbar petak minta lawan, wong kalah bandhane kebanting. Aja dikira aku banjur tinggal glanggang colong playu, woo...dudu wong-wongane. Isih jembar dhadhaku, isih malang bauku, Bramangkara suthik mundur yen durung kasembadan apa kang dadi sedyane. Patih Mangkuprajooa.....Swarga ginuga mangkraka kaya gelap, beberen kanuraganmu. Elinga manungsa urip nduweni sifat lali klawan apes, tekane lalimu tibane apesmu, lena pangendhamu, sisip sembirmu, tuna dungkap katurangganmu, kena dak candhak dak sebetake bumi, pegat nyawamu.

Gangsa mungel Ayak Kempul Kerep laras Slendro pathet Wolu. Bramangkara kaentas manengen. Ringgit sami papagan, adhep-adhepan. Gendhing sirep terus ginem.

Ginem.

148. Bramangkara : Pisan tak sepura, pindho kalamerta, ping telu rat pengadilan. Tekane adhil lena pangendhamu, oo.... kelakon dadi bebangke ragamu, sinamber dhandhang layonmu.
149. Mangkupraja : Wani wanenana, yen ora wani enggal minggata saka Purwacarita, mundhak nyepet-nyepeti mripat wandamu.
150. Bramangkara : Lha....dalah.....

Gangsa mungel Ayak Kempul Kerep laras Slendro pathet Wolu, perang sawetawis nanging patih Bramangkara kasoran. Gendhing suwuk lajeng bendhengan kasambad pocapan. Patih Bramangkara kawedalaken saking tengen mangiwa kumleyang ing gegana marambah-rambah.

Bendhengan

.
 3 5 5 5 5 2 3 2 2 5 3 2 1 1 1 1 1
 Yana reg-reg andhem-ana, Wong sa tri ya gumuling

.
 3 3 3 2 2 1 1 1 1 1 5 6 5 5
 Wus katingal saklangkung nggennya bramantya

Umpk : 2 2 3 5 2 5 6 1 6 2 1 6
 Jahning u jan ja lena ing ngayu da

---2 - 3 5 - 5 6 5 2 5 1 6 5
 Koor: yo a yo go tong ro yong nyam but gawe

Pocapan kairing gadhingan. Patih Bramangkara taksih kumleyang.

Pocapan

Wau ta mangkana rekyana Patih Bramangkara pancabakah kaliyan Patih Mangkupraja. Sasat maju kebanting mundur kebanting, maju kajempala, mundur ya kajempala kabuncang sasat ora ngambah ing

bumi, surak wadya bala Purwacarita. Woo... sasat sinebit talingane Patih Bramangkara. Ora kuwat ngengkrek hardane nafsu sakala mundur saka palagan. Ora mundur kalah, emut ngembun dhawuh saking bendara Prabu Jalawalikrama. Ora ditekati sarana amung lara yen perlu nganti pecahe dhadha wutahing getih kang pungkasan. Den rapal aji jaya kawijayane, den beber kanuragane, silem kebatinane cukul kramate. Tandang Patih Bramangkara sajak sajakat pilih tandhinge.

Gangsa mungel Alap-alapan laras Slendro pathet Wolu, sinaretan patih Bramangkara dawah saking gegana, Patih Bramangkara bangkit majeng perang malih. Ringgit sami adepan. Gendhing kasirep lajeng tantangan.

Ginem.

151. Bramangkara : Pisan maneh kalah karo Patih Mangkupraja tak guroni sak anak rabimu.
 152. Mangkupraja : Ayo...ketogen karosanmu Bramangkara, suwe mijet wohing ranti aku bakal nguntabna nyawamu.
 153. Bramangkara : Keparat...!!!

Gendhing wudhar lajeng perang malih, kalajengaken prang gada. Patih Bramangkara kasoran, kawedalaken saking tengen dawah tengah jagadan, ringgit marep manengen tancep paseban kiwa mengkurep. Mujeni lan Mundu medal saking kiwa manengen, Mujeni tancep paseban tengen marep mangiwa sak ngajengipun patih, Mundu tancep paseban kiwa marep manengen sak wingkingipun patih. Gendhing suwuk. Lajeng ginem.

Ginem.

154. Bramangkara : Pak Mujeni, oo...., mati aku kik...
 155. Mujeni : Wau mpun kula aturi, ndara mboten dahar atur kula, saapa Bramangkara, aja mapak siji wadya bala Purwacarita, lek perlu sewu bareng maju kroyoken Braamangkara. Sakniki yok' napa.
 156. Bramangkara : Iya kik, Patih Mangkupraja nyata sekti punakawaaan...
 157. Mujeni : Pramila tiyang niku aja sok tebah jaja sapa sira sapa ingsun, ngoten... eling wonten jaya wonten apes, sakti jaya digdayane ndara Patih

- Bramangkara titi mangsa mesthi kepanggih apes, trus sakniki ya' napa niki nun.
158. Bramangkara : Adhuh kik gak kuat, nadyan aku dikrocok bendaramu aku ndhadha yen aku pasrah gak kuat lumawan wadya bala Purwacarita.
159. Mujeni : Ndara, ndara Jalawalikrama kados pundi nuun, keng abdi sampun karoban lawan, ndaroo-oa kalindhah ing jurit....

Swantenipun prabu jala walikrama saking jawi.

Ginem.

160. Jalawalikrama: Addduh patih..... wah cilaka

Gangsa mungel Krucilan laras Slendro pathet Wolu praptanipun prabu Jalawalikrama saking tengen, ringgit tancep siti inggil tengen marep mangiwa kanti tangan walangkerik. Gendhing sirep lajeng ginem.

Ginem.

161. Jalawalikrama: We lha dalah, Bramangkara. Katon adus getih babak bundhas. Iki mau kena apa punakawan.
162. Mujeni : Inggih ndara nedahaken darmanipun wrangka praja dhateng bendara, tandhing kaliyan wadya bala Purwacarita, Patih Mangkupraja.
163. Jalawalikrama: We lha dalah, keparat, keparat..... sliramu kalah karo wadya Purwacarita aku kang bakal males laramu tiih.....
164. Bramangkara : Wadhuh sinuwun, pejah sinuwun.....

Gendhing wudhar, Jalawalikrama ngusadani patih, patih tumuli tangi atur sembah lajeng tancep paseban kiwa marep manengen, gending suwuk lajeng ginem.

Ginem.

165. Jalawalikrama: Estungkara manik jagad raja dewaku, yen mangkene cetha bangsa Purwacarita niat nyenyamah prabu Jalawalikrama. Patihku ora melu-melu ora dosa ora perkara malah diprawasa iki mau lumawan sapa kik.....

166. Mujeni : Sampun kula aturaken ing ngajeng punika wau ingkang mrawasa wrangka Negari Purwacarita Patih Mangkupraja.
167. Jalawalikrama: Dudu Prabu Sumalidewa.
168. Mujeni : Sanes nun.
169. Jalawalikrama: Yoh.... Mundura kik, undurna bendaramu Patih Bramangkara ana sak njabane palagan. Jalawalikrama dhewe kang bakal magut ing palagan, tak ukure sepira kadigdayane wadya bala Purwacarita.
170. Mujeni : Nun ingkang ngatos-atos sinuwun

Gangsa mungel Ayak Kempul Kerep laras Slendro pahet Wolu. Jalawalikrama kabedhol lumampah manengen majeng palagan. Patih Bramangkara kaentas lumampah mangiwa kaderekaken Mujeni lan Mindu. Jalawalikrama kawedalaken saking kiwa papagan lan patih Mangkupraja saking tengen. Ringgit sami tancep ing siti inggil kanti asta walangkerik tanda wani. Gendhing suwuk lajeng bendhengan nuli ginem.

Bendhengan

$\begin{array}{cccccccccccccccc} \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot \\ 2 & 2 & 2 & 2 & 2 & 2 & 2 & 2 & 6 & 1 & 3 & 2 & 2 & 6 & 16 & 6 \\ \text{Yana andhik dukane sang rajapati, Ranangga-na mangsa sa-ran} \end{array}$

$\begin{array}{cccccccccccccccc} \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot \\ 1 & 2 & 2 & 2 & 2 & 2 & 1 & 1 & 1 & 5 & 5 & 5 & 5 & 5 & 35 & 32 & 2 & 2 \\ \text{Mangliweran mangendha gelap, pra prajurit wus ma-gut ing la ga} \end{array}$

$\begin{array}{cccccccc} 6 & 6 & 6 & 6 & 6 & 6 & 6 & 6 \\ \text{yana pra-prajurit wus magut ing laga} \end{array}$

Ginem.

171. Jalawalikrama: Estungkara manik jagad raja dewaku, we lha dalah. Patih Mangkupraja.
172. Mangkupraja : Nuwun sewu tak jabel basaku, Prabu Jalawalikrama ana paran.
173. Jalawalikrama: Nggege pati bosen urip wani mrawasa abduku Patih Bramangkara. Sasat ngilani dhadhane Jalawalikrama, sasat nyebit talingane Jalawalikrama. Yen ora enggal minggat saka ngarepe Prabu Jalawalikrama *klakon* tugel gulumu.
174. Mangkupraja : Ora enggal sumingkir saka Negara Purwacarita dadi Bathang kwandamu.

175. Jalawalikrama: Woo.... tampanana tangane Jalawalikrama.
 176. Mangkupraja : Jajal sepira kadigdayanmu.

Gangsa mungel Ayak Kempul Kerep laras Slendro pathet Wolu. Ringgit sami perang sawetawis. Patih Mangkupraja kasoran, kabalangaken manengen. Jalawalikrama nututi manengen. Patih Mangkupraja medal saking kiwa kaentha dawah, dipun papag raden Sumalintana saking tengen. Ringgit sami tancep ing siti inggil kiwa lan tengen. Gendhing suwuk lajeng bendhengan.

Bendhengan

$\begin{array}{cccccccccccccccc} \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot \\ 2 & 2 & 2 & 2 & 2 & 2 & 2 & 2 & 2 & 6 & 1 & 2 & 2 & 2 & 2 & 2 & 6 & 16 & 6 \end{array}$
 Yana samba mbangun asmara, Bau kiwa pangrapeting waja

$\begin{array}{cccccccc} \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot \\ 2 & 2 & 2 & 2 & 2 & 1 & 23 & 1 \end{array}$
 Kang tengen panggunggung mungsuh

$5 \ 5 \ 5 \ 5 \ 5 \ 5 \ 5 \ 2 \ 32 \ 2$
 Playunya kadya mimis kencana

$6 \ 6 \ 6 \ 6 \ 6 \ 6 \ 6 \ 65 \ 5 \ 5 \ 5 \ 5$
 Yana playunya kadya mimis kencana

Ginem.

177. Sumalintana : Paman Patih Mangkupraja.
 178. Mangkupraja : Raden, ketiwasan raden, keng paman kelindhih ing jurit lumawan Nalendra Sunggela Manik, Prabu Jalawalikrama. Oo...., digdaya raden, mila pates minangka bandhanipun nggambar keng raka Ni Dewi Sumaliwati.
 179. Sumalintana : Paman kula aturi lerem sawetawis, keng putra ingkang badhe mapag yudanipun Prabu Jalawalikrama.
 180. Mangkupraja : Raden menawi mekaten keparengipun sumangga, namung ingkang kula suwun saklangkung ingkang ngatos-atos, sinten nyumerapi mbok menawi raden ingkang saget mbengkas damel.
 181. Sumalintana : Nyuwun tambahing pangestu paman.
 182. Mangkupraja : Inggih ingkang ngatos-atos raden.

Gangsa mungel Ayak Kempul Kerep Laras Slendro Pathet Wolu. Sumalintana kabedhol kumampah kanggiwa, Mangkupraja kaentas manengen. Sumalintana medal saking tengen kapapag Jalawalikrama saking kiwa, Ringgit sami tancep ing siti inggil kiwa lan tengen. Gendhing suwuk lajeng ginem.

Ginem.

183. Jalawalikrama: We lha dalah iki ana satriya bagus, nitik lagak lageyane ora pantes yen ta punggawa utawa wadya Purwacarita. He raden, sejatine sliramu iki sapa.. ?
184. Sumalintana : Prabu Jalawalikrama, tambah klawan aku, putra Purwacarita atmajane kanjeng rama Prabu Sumalidewa, Raden Sumalintana kekasihku.
185. Jalawalikrama: Raden Sumalintana anak ratu Purwacarita. Apane Sumaliwati iki.
186. Sumalintana : Aku adhine kakang mbok Sumaliwati.
187. Jalawalikrama: We lha dalah...., adhiku ipe sliramu, aku calon kakangmu. Mbakyumu rum-rumen supaya gelem dak boyong marang Sunggela Manik.
188. Sumalintana : Gelema kakang mbok Sumaliwati, aku kang suthik nyawang sliramu. awit apa Sliramu iki nalendra leletheKing jagat.
189. Jalawalikrama: Eillho.... Karepmu apa ?
190. Sumalintana : Ora enggal minggat saka Negara Purwacarita *klakon* tak tugel gulumu.
191. Jalawalikrama: We.... lha dalah, ora kena dijak pripean iki. Sumalintana, ora kok ulungne Dewi Sumaliwati *klakon* tak gawe sungsang bawana balik Praja Purwacarita.
192. Sumalintana : Mati dening aku

Gangsa mungel Ayak Kempul Kerep laras Slendro pathet Wolu. Ringgit sami perang, Jalawalikrama kasoran, kawedalaken saking tengen kaentha dawah, tancep paseban tengah ringgit mengkurep marep mangiwa. Gendhing suwuk lajeng bendhengan.

Bendhengan

$\begin{array}{cccccccccccccccc} \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot \\ 3 & 5 & 5 & 5 & 5 & 2 & 3 & 2 & 2 & 3 & 2 & 1 & 1 & 1 & 1 & 1 & 1 & 1 \\ \text{Yana peteng paningalnya. O balawur-lawur} \\ \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot \\ 2 & 3 & 3 & 3 & 3 & 2 & 2 & 2 & 2 & 1 & 1 & 2 & 1 & 5 & 6 & 5 & 5 & 5 \end{array}$

Pindha pecat ponang yitma, Lolos ponang bebayunya

2̇ 2̇ 3̇5̇ 2̇ 5̇ 6̇ 1̇ 6̇ 2̇ 1̇ 6̇

Umpak : Jahning Ujan Ja lena ing ngayuda

Pocapan kairing gadhingan

Pocapan

Jinempala dening Raden Sumalintana ambruk ing bantala, kaya lena purwa madya wasana sumrepet panone kaya ketiban wesi gligenan yen ta rinasakaken. Nanging wong Prabu Jalawalikrama, setunggaling nalendra ingkang kenging winastanan jalma digdaya, lebur tanpa dadi kuwandanira yen taksih gedhe tekade ora ana caritane mundur saka payudan, salirane kaya katiban tirta saka swarga bandhang, nglilir nggennya kapidara soroh amuk kaya bantheng ketrajang pelor tandange.

Gangsa mungel Alap-alapan laras Slendro pathet Wolu, ringgit gumregah tangi, Jalawalikrama majeng perang malih. Ringgit sami adep-adepan nuli perang. Sumalintana kasoran kabalangaken manengen, jalawlikrama hanututi. Sumalintana medal saking kiwa kaentha dawah. Badhe majeng mangiwa dipun candhet patih Mangkupraja, ingkang medal saking tengen. Ringgit sami tancep ing siti inggil kiwa lan tengen. Gendhing suwuk lajeng ginem.

Ginem.

193. Sumalintana : Paman Mangkupraja,...
194. Mangkupraja : Raden sampun ndadosaken catune penggalih, dene raden kula candhet sampun ngantos nglajengaken pancabakah tandhing kaliyan Prabu Jalawalikrama.
195. Sumalintana : Kenging menapa paman, kula tasih sanggup.
196. Mangkupraja : Raden, kula tingali saking sak njawining palagan raden sampun kaprawasa dening Jalawalikrama. Kados-kados mboten wonten ingkang saget nandhingi prabu Jalawalikrama raden.
197. Sumalintana : Lajeng prayoginipun kados pundi paman.
198. Mangkupraja : Kados pundi kemawon bab menika kedah dipun aturaken dhateng ingkang rama, mangke kados pundi rekadayanipun ingkang rama.
199. Sumalintana : Inggih menawi mekaten mangga sami dipun aturaken dhateng ngarsanipun kanjeng dewaji.

200. Mangkupraja : Mangga raden kula dherekaken.
 201. Sumalintana : Duh kanjeng dewaji ketiwasan..... Negari kantung saingkupe payung sarebahing landheyan, rama prabuuu....

Gangsa mungel Krucilan laras Slendro pathet Wolu. Ringgit bedholan sedaya lumampah manengen marak sowan prabu Sumalidewa. Sigeg kayon gantos keraton purwacarita. Prabu Sumalidewa kawedalaken saking tengen kanti asta walangkerik nuli tancep siti inggil tengen. Sumalintana lan Bramangkara sami medal saking kiwa, atur sembah nuli tancep paseban kiwa. Gending suwuk lajeng ginem.

Ginem.

202. Sumalidewa : Sumalintana.
 203. Sumalintana : Wonten dhawuh kanjeng dewaji.
 204. Sumalidewa : Sliramu ora usah kathik nganggo matur kahanan ing alun-alun palagan perang. Pun rama wis nyumurupi ya ngger. Mundure para wadya bala apadene pamanira Mangkupraja, klebu sliramu uga, kapracondhang kalah prebawa uga kalah samubarange klawan Nalendra Sunggela Manik.
 205. Sumalintana : Lajeng kados pundi rama, menapa kelampahan kakangmbok Sumaliwati badhe dipun paringaken dhateng Nalendra angkara.
 206. Sumalidewa : Mendah panandhange mbok ayumu sumalintana, yen nganti kagarwa dening nalendra ingkang watak dursila.
 207. Sumalintana : Nuwun inggih rama, lajeng keparengipun kanjeng rama kados pundi ?
 208. Sumalidewa : Ngene ya ngger, sawatara Prabu Jalawalikrama mesanggrah ana alun-alun Purwacarita, lha sliramu aja wedi kangelan. Manungsa wajib mbudidaya, Gusti ingkang paring rejeki.
 209. Sumalintana : Nuwun inggih rama.
 210. Sumalidewa : Goleka sraya, goleka jago, sapa wae. Ora preduli tedhaking uwong ningrat ora ndeleng iku wong sudra idhep-idhep pasang patemba, sok sapa bisa ngundurake Nalendra Sunggela Manik, siji ganjarane negara, angka loro ganjarane mbok ayumu Sumaliwati.
 211. Sumalintana : Mekaten rama, lajeng mbenjang menapa ingkang putra lengser saking Negari Purwacarita.

212. Sumalidewa : Mbesuk dadak ngenteni apa ngger, elinga negara wus ancik-ancik ana tepining bebaya. Yen bisa enggala antuk jago kang bisa mbrastha pepetenging negara.
213. Sumalintana : Nuwun inggih ngestokaken dhawuh rama
214. Mangkupraja : Nuwun menapa ingkang abdi dipun keparengaken ndherekaken Raden Sumalintana.
215. Sumalidewa : Patih, sira aja melu. Cukup ajaken perang undur-undur Prabu Jalawalikrama. Tegese, yen Prabu Jalawalikrama maju ing palagan, undurna para wadyabala, supaya bisoa ngolor wektu kanggo ngenteni jago kang den upadi dening bendaramu Sumalintana.
216. Mangkupraja : Menawi mekaten ngestokaken dhawuh sinuwun.
217. Sumalidewa : Wis ya ngger, mangkata dina iki dak sangoni puja lan puji umiring lakumu muga enggal ketemu jago kang bisa ngilangi klilip Negara Purwacarita.
218. Sumalintana : Ngestokaken dhawuh, nyuwun pamit kanjeng rama.
219. Sumalidewa : Sing ngati-ati ngger, belanana mbakayumu Sumaliwati aja nganti kawengku dening nalendra kang angkara.

Gangsa mungel Ayak Kempul Kerep laras Sendro pathet Wolu, ringgit bedholan. Sumalintanan kabedhol atur sembah lumampah mangiwa, Sumalidewa kaentas manengen, Mangkupraja kabedhol atur sembah kaentas mangiwa. Sigeg kayon tanda wonten njawi keraton. Gendhing suwuk lajeng pocapan kairing gadhingan. Jroning pocapan sareng nglampahaken Sumalintana saking tengen mangiwa marambah-rambah.

Pocapan

Candrane wong lumampah adoh rupa candra. Rupa barang kang katon, candra barang kang wis dadi. Roning medi, ron gegodhongan, ning neng ing jroning raos, sasi pinolah nagita rawa ? bumi buda, bumi lemah buda suwung, tanah kang durung tinanduran bumi buda arane hawane ketinggal swasana pandulu, loro-lorone tingal, mripat loro ndulu papan adoh nadyan katon loro yen den mataken amung ketinggal sajuga. Mantheng pandulune Raden Sumalintana. Manthe-nge saka pandulu saonjotan nilar Negari Purwacarita kancik ana jroning minangsraya.

Gangsa mungel Ayak Kkempul Kerep laras Slendro pathet Wolu. Sumalintana lumampah saking tengen mangiwa. Sigeg kayon, katan-cepaken ing tengah miring nengen, gendhing suwuk lajeng sendhon.

Sendon

1 1 1 1 1 1 1 61 53 56
Mandhaping tengahing ratri, o, o

2 2 2 2 2 2 2 325 5 5 5 5 5
Candra lan kartika wus sumebar ing tawang

3-21 1 1 1 1 1 1 2 2 2 2 2 616 6
Su mu nar anyunari, Anyunari bawa – na

2 2 2 2 2 1 3-21 1
Swasana sidhem prema nem

2 2 2 2 2 2 2 12
Jagad tan ana ngali sik

1 1 1 1 1 1 1 121 6-5 1
Kang kapyarsa amung ku ki la, O...

Pocapan

Nengna ingkang lagya ngupadi sraya putra Purwacarita Raden Sumalintana nilaraken praja, dinten-dinten ingkang ngayam alas ngibarat munggah gunung tumurun ing trebis enggala kepanggih jago ingkang saget ngicali klilip negari. Kawuwusa ingkang oncat saking Negari Durjanapura yaiku Putra Nalendra Durjanapura Sang Prabu Berjanggalawa kapetang taksih putra wayah Nalendra Pancawati Sri Bathara Rama duk nalika samana. Inggang kekasih Raden Berjanggalapati kadherekaken wulucumbu tigang perkawis Semar, Bagong miwah Besut. Sanget anggenipun kepi marang kang raka Raden Kuswa, ingkang sawetawis katilar mindra saking Negari Durjanapura. Berjanggalapati anggenipun ngupadi ingkang raka menonang-menang ibarat ora ngerti keblat wonten ing telenging minangsraya, kadya tiyang bingung candrane.

Gangsa mungel gendhing Dhudha Bingung laras Slendro pathet Wolu. Ringgit raden Berjanggalapati kawedalaken saking tengen nuli tan-cep ing siti inggil tengen.punakawan Semar, Bagong lan Besut ka-

wedalaken saking kiwa, atur sembah nuli tancep paseban kiwa. Gending kasirep lajeng janturan.

Pocapan

Hanenggih punika ta ingkang kinarya gempalaning kandha gelising tiyang carita, nyariyosaken ingkang oncat saking Kraton Durjanapura. Hanenggih ta punika atmajanipun Sang Prabu Berjanggalawa, Raden Berjanggalapati kekasihe. Satriya bagus ibarat tanpa cacad pantes yen ta dadya putra Nalendra Durjanapura, pantes yen ta putra wayah Sri Bathara Rama. Yen angendika arum manis wicarane andarbeni rasa tresna mring sapadha-padha, mula ora mokal yen ta Semar dhahat tresnane kaliyan sang bendara Raden Berjanggalapati. Kadherekaken Semar Bujagati, Bagong, lan Besut. Yen ta Semar ora bisa mbudidaya mrih bendara enggal paring dhawuh kaya-kaya ora pantes awit Bathara Ismaya. Sem: peteng mar: padhang. Gawe pepadhange swasana peteng, asung padhange wardaya ingkang bendara. Kabyantu Bagong, Ba: be' Gong: Gedhe. Gedhe tekade akeh akale sugih budidayane. Besut minangka panakawan ora mokal yen ta Berjanggalapati tansah kagadhingan dewa manjalma, ana kang mastani dewa kamanungsan. Dangu nggennya mendel kewala Semar sigra angrumiyini matur wonten ngarsanipun bendara: ee . . . ya' apa nak bendaramu iki. . . .Bagong (Bg): kono ma. . . . aturana ma . . . , Semar (Smr) : ee . . . iya le . . .

Gending wudhar lajeng suwuk

Semar ura-ura

5 5 61-65 1 2 5 5-656516152 3 5-36
Mang ke ru miyin, nda ra ku la

6 1 2 2 2 2 2 2 2 1 1 1 3 21 1 1
Ndara kula berjanggalapati, kembang biru mungging pager

3 3 3 3 3 3 3 3 3 5-232 2 2
Mboten langkung yen enten lepate kang abdi

5 6 1 1 1 1 1 1 321 6-5
Mugia kersa paring panga pu - ra

Ginem.

220. Besut : Wah. . . . untung makdhe sik eling ya pak. . . .

221. Bagong : Lha iya. . . ya ma, masiya saiki akeh garapan,
ning sing klasik aja nganti lali. ya ma. . . .
222. Semar : ee . . . iya nak.
223. Bagong : rika isa nembang . . .
224. Semar : iya . . tapi gak oleh akeh-akeh

Lajeng tetembangan sak cekapipun

Ginem.

225. Semar : E . . . ae . . ae, den . . mboten ketang sapada
nggih niku wau ingkang kula aturaken. Mugi
saget nujuprana. . .
226. Bagong : Ma. . nujuprana iku apa ma. . . .
227. Semar : Iso gawe bungah rasane bendara le, ha wong
tuwa iku iso'e asung pitutur utawa asung pe-
mut marang bendara, yaiku dilewatna tembang
nak, supaya gampang ditampa le. .
228. Bagong : Kira-kira mandi pa gak ma, tetembangane.
229. Semar : Mandi le, wong tak barengi karo mantra kok . .
230. Bagong : Mantra apa ma.
231. Semar : Lho . . .wong tuwa ki sugih mantra le, lha nek
bendaramu ngene ae, tak rapalna aji sewu
eneng . . .
232. Bagong : Terus . . .
233. Semar : Meeeneng nak . . .
234. Bagong : Rak tambah meneng ma. . . koen iku.
235. Semar : Den
236. Berjanggalpati : Semar, oo. . . wis sepuh nanging bisa gawe
pajaring rasaku Semar,o. . . nyata-nyata dewa
kamanungsan. Bisa gawe jampining rasa kang
lagi susah. Iki mau tembang apa.
237. Semar : Gendhing Jawatimuran tembange Angleng Su-
rabaya. Den, niku wau menggahe dirasakaken
ngemu pitedah, ngemu tuntunan. Ha wong tu-
wa niku siyen yen nggulawenthah dhateng
sing nem-nem niku mboten dituturi kados ti-
yang sakniki, ngaten . . .sageta mboten salah
tampa dipun tembangi.
238. Berjanggalpati : Ngono ya . .
239. Semar : Inggih . .
240. Berjanggalpati : O...kok ya pinter, ya... ya Semar gedhe pana-
rimaku. Minangka bebungah anggonmu nem-
bang iki mau, ana dhuwit sethithik kanggo sli-
ramu.

241. Semar : Ah... ampun athik repot-repot ta den, kula niki mboten kathik ngoten-ngoten niku. Suka rila legawa awit ndara niki momongan kula ngaten..... nek mboten kula, siiinten den ingkang badhe ngaturi panglejare penggalih.
242. Berjanggalpati : Ora..... ora akeh kok semar.
243. Semar : Ah..... mpun kathik ngoten-ngoten ta den. . .
244. Bagong : Ma, koen iku..... gemremet tanganmu iki, gak gelem tak wakili...
245. Semar : Menenga ta goblog... !! arek kok, cek-e pantes ketoke gak arep tapi arep ngono lho, bodho... enggih, mboten den dipun asta kemawon.
246. Berjanggalpati : Suka rila legawa aku paring bebungah marang kakang semar, enyoh...
247. Semar : Pinten.....
248. Berjanggalpati : Satus ewu...
249. Semar : Kirangan lek ngoten...nggih matur nuwun, ee-tak rewangi ngono ae satus ewu nak, mulane kabisan iku lek diudi rejeki le....
250. Bagong : O... dadine ma...
251. Semar : Iya nak... mulane anakmu kok sekolahna saiki, asile yo'opo.... piiinter le, nembang pinter, nari yo pinter . .
252. Besut : Wak...ancene bapak iku anu makdhe...bapak iku kuna samukawis, dadine kula kawit alit dipun sekolahaken linambaran pangertosan, kula punika wah sampun mumpuni sanget.
253. Semar : O.... sokur nak, sokur duwe putu pinter

Lajeng gantosan Besut ingkang nembang, kaparingan arta kaliyan sang bendara. Bagong lajeng ugi tumut nembang, nyuwun arta sampun telas, kalajengaken ginem.

Ginem.

254. Berjanggalpati : Wa semar, yektine anggonku oncat saka Durjanapura ora ana kang dak ulati amung kakang Kuswa. Kakang Kuswa iki menyang endi Semar, kok ya tegel tanpa pamit karo adhine. Mula dina iki ayo diupadi. Ora bakal bali marang Durjanapura lamun durung ketemu kakang Kuswa.
255. Semar : Ee.... ndara, nyata-nyata luhur budine. Kang raka niku benten kaliyan ndika lho gus, kang raka punika kok inggih tebih kaliyan ndara.

Yen ndara niki pun.... Mboten wonten benteni-pun kaliyan keng rama ugi keng eyang. Ae.... nek keng raka niku kok kados mboten cocog lek dados putra Durjanapura. Watake, lagak lagon lageyane, kalih wong tuwa nggih mboten wonten sopane, niku siyen ya' napa anggone nggulawenthah.

256. Berjanggalpati : Ala dikaya ngapa wong sedulur, siti reka toya reka salira panatasing tunggal. Semar, sapa iso medhot iline banyu prasasat isa medhot sedulur, ewa diewa dak ulati, lara bareng ngrasakna mukti bareng ngawibawa.
257. Semar : Ngaten den....
258. Berjanggalpati : Iya wa semar, mula ayo dherekna lakuku aja nganti kedadak kadaluwarsa, daya-daya ndang kepanggih kakang Kuswa.
259. Semar : Wa... yen ngaten suwawi ndara, kula dherek-aken den . . .

Ringgit kabedhol setunggal-setunggal wiwit berjanggalpati, semar besut lan bagong, kalampahaken mangiwa. Satelasing ringgit nuli bendhengan/ada-ada terus pocapan, sinambi nglampahaken kayon mangiwa marambah-rambah.

Bendhengan

5 5 5 5 5 5 5 5 5 2 3 2 2 2 2 2 3-21

Punta sayuta, njegidheg budheng awor alang-alang, o

3 3 3 3 2 2 5 6 1 12 1 6 5 5 5 5

Sisik treng gi-ling, kebo sapi sak pirang-pirang

Umpak: 2 2 35 2
Jahning u - jan . . .

(Kalajengaken Waranggana)

Balungan : - - - 2 - 3 5 - 5 6 5 2 - 1 6 5

Pocapan

Gya lumaksana Raden Berjanggalpati, nilaraken papan rame manjing telenging minangsraya mbrasak alas ri bebondhotan. Candrane wong manjing jroning wana akeh kekayon kebak tanpa sela. Werna-werna arane kayu. Giro-giro kayu Sawo, Gelaran kayu Suren, Kepet

Alang-alang. Ing kono ana kayu Tinggalmanik, pange pucuk teles bongkot garing den pencoki *Manyura* lan manyuri. *Manyura* manuk lanang manyuri manuk wadon. Padha andon tresna wonten ing ndhuwuring pang. Pang dienciki pucuk mambat bongkot, dienciki bongkot mambat pucuk, dienciki tengah jeploke pang nibani bala reksasa saka Negara Sungela Manik. Watak bala buta, ketiban kayon Tunggal manik sakala gero-gero swarane. Ana godhong sinaut. Godhong tiba kaguwel-guwel solah bawane reksasa yen ta lagi kelaran, sajak andhig dukanira tandha sasmita yen ana bebaya.

Gangsa mungel Ayak Kempul Kerep laras Slendro pathet Wolu , kayon geter katancepaken paseban tengen. Raseksa kawedalaken saking kiwa lumampah beksa katutup kayon kiwa (kaentha medal saking alas) sawetawis gegiro kaentas manengen. Kayon tancep paseban kiwa. Berjanggalpati saking tengen papagan kaliyan bala raseksa saking kiwa, ringgit sami tancep ing siti inggil kiwa lan tengen. Semar lan Bagong medal saking tengen nuli tancep paseban tengen sak wingkingipun Berjanggalpati. Gendhing suwuk nuli bendhengan.

Bendhengan

2̣ 2̣ 2̣ 2̣ 2̣ 2̣ 2̣ 2̣ 6 1 2-16 16 6 6 6
Yana prajengga-prajenggi, genthanya marongos

2̣ 2̣ 2̣ 2̣ 2̣ 2̣ 2̣ 2̣ 2̣ 1 1 1 1 1 1
Gero-gero swaranya kadya banaspati

5 5 5 5 5 5 5 2 3 2 2 2
Sira metua saka guwa per jagalan

6 6 6 6 6 6 6 5 5 5 5 1 5
yana kalung usus deleweran, o . . a . .

Ginem.

260. Renggutmuka : Mandheg-mandheg satriyooooa mandheg. Ana satriya bagus lagak lagon lageyane kaya sifate temanten anyar. Sapa jeneng ngendi omah ha . . .satriyooa . . . sapa jeneng ngendi omah . . . oh, ho ho ditakoni ora enggal mangsuli kaya dene wedi kelangan mut-mutanmu inten. Ora enggal ngucap apa njaluk dadi mangsane para bala reksasa, satriyoooooooooaa

261. Berjanggalpati : Wa Semar, ana pringga bayane marga.
 262. Semar : Heh . . . atos-atos mawon gus, Bagoong . . .
 .akeh duuupa nak.
 263. Bagong : Wong . . . buta kok dupa . . .koen iku . . .
 264. Semar : Iya . . . heeeeh sing ati-ati le . . .
 265. Berjanggalpati : Buta-butane anggonmu ngucap tandha yen mu-
 rang tata, cocog karo aranmu buta sebut sing
 ora tata, nilarna trapsila cocog karo katurang-
 gamu, cocog karo wandamu, ngridhu lakune
 wong kang lagi lumaku. Sapa jenengmu buta..
 266. Renggutmuka : Eh, he he, durung diwangsulni malah wis na-
 koni, karepmu apa gus
 267. Berjanggalpati : Lumrah wong pinanggih ana papan lebu. Tina-
 konan males nakoni ibarat ana salah panari-
 mane aja nganti sira mengko pasulayan karo
 aku, mati tanpa aran.
 268. Renggutmuka : Iyo....tambah karo aku dianggep aku buta ala-
 san. Aja dianggep aku buta klambrangan gus,
 yektine abdine bendaraku Jalawalikrama saka
 Negara Sunggela Manik. Ditya Renggutmuka
 aranku.
 269. Bagong : Wak . . . sampek grebegen aku ma
 270. Semar : Apa'a le . . .
 271. Bagong : Gak melok ngomong ning melok ngeden hare
 ma...
 272. Semar : Iya nak, ancene buta ngomong ya ngono iku
 273. Bagong : He . . . koen iku gak iso ngomong sing enak-a,
 ambek mecicil-mecicil hare mripate harene . . .
 274. Renggutmuka : Opo'o . . .
 275. Bagong : Ngomong sing genah kaya aku gak iso-a, ta
 buta
 276. Renggutmuka : Kongkon genah ngene-a kang
 277. Bagong : Iyo . . .
 278. Renggutmuka : Buta gak pantes len kon ngomong genah
 ,kang...
 279. Bagong : Kegenahen goblog . .nggereng kaya mau lho .
 . . aa . . .koen sapa lak ngono-a
 280. Renggutmuka : Gorokanku wis gatel kang . . .
 281. Bagong : Wakarek apa, sing siji iki sapa
 282. Yaksa 2 : Kala Njadil jenengku
 283. Bagong : Ikikenemenen iki
 284. Yaksa 2 : Waa . . .wa. . .(nggereng)
 285. Bagong : Aja athik nggereng. Aku lek krungu wong
 nggereng dhadhaku seseg goblog (guyon buta
 1, 2 nggereng dibekab bagong. Semar tumut
 nggereng)

286. Renggutmuka : Satriya balik sapa kekasihmu saka ngendi pinangkamu.
287. Berjanggalpati : Putra Durjanapura Raden Berjanggalpati kekasihku.
288. Renggutmuka : Berjanggalpati... Aja liwat dalam kene iki rerek-sanku. Alas Krenting Krendhawahaya ora bisa kambah sakliyane wadya bala Sunggela Manik. Balik . . !!
289. Berjanggalpati : Aja dadi sandhungane lakuku. Aku njaluk dalan.
290. Renggutmuka : Gelem balik, ora ya balik.
291. Berjanggalpati : Yen aku ora gelem balik.
292. Renggutmuka : Waah... *klakon* tadhah kala mangsa dadi gadhuhane para bala reksasa, abdine Prabu Jalawalikrama.
293. Berjanggalpati : Oleh bacut ora oleh bacut, yen ta Berjanggalpati bacut aja-a mbok palangi buta siji, ngibarate sakwadya balamu kabeh saka Sunggela Manik ngadhang lakuku rawe-rawe rantas malang-malang putung.
294. Renggutmuka : Lhaa dalah, gawe karepe dhewe. (kairing gadhingan) Berjanggalpati, sliramu ora enggal minggat saka jroning Alas Krenting Krendhawahaya, wurung lumaku, dadi bathang ragamu ha...

Gangsa mungel Ayak Kempul Kerep laras Slendro pathet Wolu. Perang raden Berjanggalpati mengsah denawa. Dereng ngantos purna Berjanggalpati kageret dening Semar saking kiwa manengen. Ringgit tancep, Berjanggalpati tancep siti inggil tengen Semar tancep paseban kiwa. Gending suwuk lajeng bendhengan.

Bendhengan

· · · · ·
2 2 2 2 2 2 2 2 2 2

Angkawijaya sekar tinulis,

· · · · ·
6 1 2 2 2 6 16 6 6 6

Wong mertapa la li mring putranya

· · · · ·
2 2 2 2 1 1 5 5 2 3 2

Mbenjang ganjarannya pinanggih wingking

2 3 5 5 1 6 5 5 5

Ganjarannya pinanggih wingkin

Ginem.

295. Berjanggalpati : Aku kok mbok undurna semar. . . .
296. Semar : Ee...mboten mundur wedi, mboten mundur kalah gus, ning ngalah sawetawis. Ngalah kangge nggayuh kamenangan ndara.
297. Berjanggalpati : Kok ngono.
298. Semar : Inggih, mboten cukup namung dipun doli sarana atosing balung kandeke kulit kencenge otot, e . . niki buta sapirang-pirang ndara, nggih mila nyukupana yen mboten ngangge piranti gus.
299. Berjanggalpati : Lha piratine apa.
300. Semar : Ngasta pusaka.
301. Berjanggalpati : Kebeneran wa semar, kok ora nggawa pusaka. Cilike duwung gedhene warastra.
302. Semar : Wah. . . lha niki cilaka gus lek mboten ngasta pusaka .Goong.
303. Bagong : Apa ma . . (swanten saking njawi kelir).
304. Semar : Ngethoka pring apus naak . . .
305. Bagong : Apa ma ??
306. Semar : Pring apus lee . .
307. Bagong : Gawe apa ma.
308. Semar : Wis menenga ae tah !! kethokna kono, engko lak eruh dhewe-a.
309. Bagong : Oo . . yoh, kanggo apa se, ma.
310. Semar : Kanggo piandel nak . . .
311. Bagong : Pring apus sak dhapur apa situk ngono ae ma.
312. Semar : Ameka situk naak, sigaren dadi loro, nek wis dadi loro sigaren maneh prapaten le..
313. Bagong : Oo...ya ya, ha . . iki ma, iki wis tak prapat karepmu kaya ngapa.
314. Semar : Iki minangka pusakane bendaramu le, nadyan pring apus ibarate, nek aku sing muni iki pusaka, ya pusaka. Elinga semar iku sapa.
315. Bagong : Dewa manjalma.
316. Semar : Tegese.
317. Bagong : Dewa kamanungsan.
318. Semar : Ha iya nak. Elek-elek wong aku iki dewa kamanungsan Sang Hyang Puguh kok, lek ora bisa mageri bendaraku, kanggo apa aku ndherekna dohe Negara Durjanapura nganti tekan kene.
319. Bagong : Oo . . ya, ya ma

Bagong medal saking kiwa sinambi mbeta panah, kaaturaken Berjanggalpati, Bbagong tancep paseban kiwa sak wingkingipun Semar.

Ginem.

320. Semar : Ngga gus, dipun asta. Ha niki kanggo srana ndara ngentasi damel.
321. Berjanggalpati : Mundura Semar.
322. Semar : Nggih, ati-ati gus. Bagoong ngamping benda-ramu le.
323. Bagong : O ya ma. Raden, mangga dipun ginakaken kangge ngilangi klilipe dedalan. Oo

Pocapan kairing gadhingan, sinambi mbedhol Semar kaentas manengen, Bagong kaentas manengen. Berjanggalpati ngasta panah tancep siti inggil tengah .

Pocapan

Tinampi ponang jemparing dening Raden Berjanggalpati. Sanadyan wujud amung pring apus ning ing rehdene ingkang yasa Sang Hyang Puguh, Semar Bujagati, lelandhepe dadi pitung penyukur. Dhasar Berjanggalpati limpad dhateng olah kridhane warastra lungit dhateng pamenthange gendewa. Tinanting kaambat ponang gendewa lumepas ponang warastra yasane Semar. Kaya thathit saking bantere warastra. Natap dhadhane, bala denawa pating blesah pating slayah kaya glonggong kaicak gajah.

Gangsa mungel Alap-alapan laras Slendro pathet Wolu. Berjanggalpati kabedhol gending sirep, mbeksa nedya manah. Saksampunipun manah nuli kaentas mangiwa. Nglampahaken panah kebat kalih rambahan. Raseksa samya gegiro lan kiprah, lena , panah kawedalaken saking tengen nembus dadane buta saknalika pejah kaentas mangiwa geglundhungan. Berjanggalpati medal saking tengen tancep siti inggil tengen, Semar lan Bagong medal saking tengen tancep paseban kiwa marep manengen.

Ginem.

324. Berjanggalpati : Badranaya.
325. Semar : Kula ndara.
326. Berjanggalpati : Gedhe panarimaku dene kakang semar sa-byantu marang aku.
327. Semar : Sak saget-saget kula gus, abot anggen kula nampi jejibahan kangge kayuwananing momongan kula. Eee....mumpung dereng surup srengenge, mangga mbacutaken lampah madosi keng raka.

328. Berjanggalpati : Semar, ora bakal bali marang Durjanapura yen durung pinanggih kakang Kuswa. Aja kepara adoh kakang, sirmaning bala buta tandha yen ana pepadhang mrih bisane ketemu klawan sedulurku tuwa.
329. Semar : Ha....lek ngoten ampun kedhisikan surupe srengenge. Suwawi gus, heeh.....kula dherek-aken.

Gangsa mungel Ayak Kempul Kerep pancer telu (3) laras Slendro pathet Wolu. Ringgit sami kabedhol kalampahaken mangiwa. Kayon tengen kabedhol, sigeg kayon tanda lintu papan panggenan. Kayon kalampahaken mangiwa ngatos gendhing suwuk, lajeng bendhengan walik pathet sanga.

Bendhengan

3̣ 3̣ 3̣ 3̣ 3̣ 3̣ 3̣ 23̣ 2̣ 2̣ 2̣ 2̣ 2̣ 6̣ 16̣ 6̣ 6̣
 Juning meru nggaru laya, ulatana pundi kuthanya

3̣ 3̣ 5̣ 2̣ 2̣ 6̣ 6̣ 6̣ 3̣ 53̣ 3̣ 3̣ 3̣
 Kidul wetan, tlatahnya mangendralaya

6̣ 1̣ 2̣ 2̣ 2̣ 56̣ 5̣ 2̣ 32̣ 2̣ 2̣ 2̣
 Sumyak- sumyuke wong ngudang ngelmu rasa

1̣ 2̣ 3̣ 2̣ 2̣ 6̣ 16̣ 6̣ 6̣ 6̣ 2....
 Sumyuke wong ngudang ngelmu rasa, Oo

Pocapan kairing gadhingan

Pocapan

Angengalaken nggennya lumaksana Sang Bagus Berjanggalpati. Sedyaning manah amung sajuga ngupadi ingkang raka Raden Kuswanalendra. Estu dadi lara lapa saka antepe tekad giliging niat. Kabikak dening Gusti kang akarya jagad datan ngantos medal saking jroning wana, pinanggih ingkang raka Raden Kuswanalendra.

Mungel gendhing Ayak Kempul Kerep laras Slendro pathet Sanga. Raden Kuswanalendra medal saking tengen tancep siti inggil tengen. Raden Berjanggalpati medal saking sisih kiwa kaderekan Semar da-

lah Bagong, nuli atur sembah tancep paseban kiwa. Gendhing suwuk lajeng bendhengan.

Bedhengan

.
3 3 3 3 3 3 3 32 2
Yana samba bangun as ma ra

6 6 6 6 6 6 3 53 3
Bau kiwa pangrebat wa ja

.
1 1 1 1 1 1 1 1 1 16 6 6 6
Yana samba playunya kadya mimis kencana

Ginem.

330. Kuswanalendra : Berjanggalapati rupane.
331. Berjanggalapati : Nuwun inggih kakangmas.
332. Kuswanalendra.: Ora ngonone, sliramu ana papan kene iki arep menyang endi.
333. Berjanggalapati : dhuh kakang, tebih saking Negari Durjana-pura ngantos dumugi ing telenging wana, yektosipun kang rayi ngupadi kakangmas. Kok mboten mawi cecala kakang Kuswa badhe tindak pundi.
334. Kuswanalendra : Kok takon mangkono dhasarmu apa ??
335. Berjanggalapati : Naminipun sedherek, ingkang rayi estu tresna kaliyan kakang Kuswa minangka sedherek ingkang sepuh kangmas, mbok menawi wonten kalepyanipun ingkang rayi amung kakang Kuswa ingkang paring pemuat, lamun kula lepat kakang Kuswa kajibah ngleresaken minangka gantosipun ingkang rama prabu.
336. Kuswanalendra : Berjanggalapati.
337. Berjanggalapati : Wonten dhawuh.
338. Kuswanalendra : Aku iki arep ngulandara melarna nalar. Mangka wong ngumbara iku durung tamtu mbesuk kapan bali.
339. Berjanggalapati : Keparenga kula ndherek kakangmas.
340. Kuswanalendra : Aja. . . , aja ya dhi, balia !!.
341. Berjanggalapati : Mboten kangmas, kula ndherek
342. Kuswanalendra : Yen pun kakang lara.

343. Berjanggalpati : Ibarat lara bareng lara, mukti bareng ngawibawa.
344. Kuswanalendra : Awas lho ya, sliramu melok aku, aku ora ngajak. Ning yen sliramu ana ing ngendi wae kathik nganggo sambat-sambat, aja takon dosa, ora wurung tak jempala.
345. Berjanggalpati : Dipun prawasa kula ndherek.
346. Semar : Heeh . . . ya' apa nak, putune Bethara Ramarong perkara, sing siji andhape kaya ngene sijine kok kaya ngana tekone.
347. Bagong : Pancen ibarate endhog ma, endhog ika nek durung netes ya padha potene ma, yen wis netes ya kaya ngene iki, delengen ta . . ndara Berjanggalpati iki wis cocog, wis pantes minangka putrane ndara Berjanggalawa putune bathara Rama. Nek sing situk ika.... Penyaaakit ma...
348. Semar : Heeh..koen iku aja ngono le, elek-elek iku ya momonganmu Gong..
349. Kuswanalendra : Semar, bendaramu melu aku. Rika balia menyang Durjanapura.
350. Semar : Eee.... kula niki kajibah momong ndika gus, nek ngantos enten napa-napane kula mangke kapaiben, kadukanan kaliyan ingkang rama, ee..... teng pundi mawon ndara kekalih tindak kula ndherek.
351. Kuswanalendra : Aku iki ora lunga plesir golek papan kanggo ngenggar-enggar awak, ora... ning aku iki ngulandara.
352. Semar : Nggih kersane ndara, kula ndherek mawon awit didhawuhi ndara Berjanggalawa, teng pundi mawon ndara-ndara tindak kula kedah ngamping den.....
353. Kuswanalendra : Ya.....tak lilani, ning mbesuk yen ana ngendi ae kathik sambat, gak eruh jawane.
354. Semar : Enggih kersane. Goong... ancene abot nak kuwajiban iku.
355. Bagong : O... iya ma.
356. Kuswanalendra : Bagong ya melu....??
357. Bagong : Enggih den ah..... C-S-e hare, gak melok yo' apa.
358. Kuswanalendra : Kathik mbesuk ana papan adoh njaluk bali marang Durjanapura aku ora bisa ngeterna Mangundiwangsa.

359. Bagong : Nggih kersane, wong wis teken kontrak ndherekne ndara, lara yo” napa nggih kula tutaken mawon.
360. Kuswanalendra : Lha... yen ngono set singset tali agel. Ucapmu kabeh tak bundheli ana rasaku. Pumpung isih yah mene ayo tut-na lakuku, mbuh menyang ngendi gegayuhanku iki mbesuk.
361. Berjanggalapati : Suwawi kula dherekaken.

Gangsa mungel Ayak Kempul Kerep laras Slendro pathet Sanga. Ringgit sami bebidalan saking tengen lumampah mangiwa. Gendhing suwuk lajeng pocapan sinaretan lampaha kayon, kairing gadhingan.

Pocapan

Laju nggennya lumaksana putra Durjanapura Raden Kuswanalendra miwah ingkang rayi Raden Berjanggalapati, kadherekaken Semar miwah Bagong. Nuruti krenteging rasa ing tekad ora bakal bali marang Durjanapura selagine durung katog nggennya ngulandara. Dereng dangu nggennya lumampah, ing marga catur kapanggih putra Purwacarita Raden Sumalintana.

Gangsa mungel Ayak laras Slendro pathet Sanga. Kuswanalendra medal saking tengen nuli tancep siti inggil tengen. Sumalintana medal saking kiwa, nuli tancep siti inggil kiwa. Berjanggalapati dalah punakawan medal saking tengen nuli tancep paseban tengen. Gendhing suwuk lajeng bendhengan/ada-ada.

Bendhengan

3̇ 3̇ 3̇ 3̇ 3̇ 3̇ 3̇ 3̇ 3̇ 2̇
Ya na pal guna - pal-gu-na-di,

6 6 6 6 6 6 3 53 3 3 3
Ni ti ha na kreta sang gun -dha- na-di

1̇ 1̇ 1̇ 1̇ 1̇ 1̇ 1̇ 16 6 6 6 6
Menthang gendewa le pa sa na jem pa ring

Ginem.

362. Kuswanalendra : O...lha dalah. Durung adoh nggonku maku, iki sapa iki. Satriya sabarak karo aku. Yen ndeleng panganggo sing mbok agem kaya dudu patrape wong sudra sliramu.
363. Sumalintana : Nuwun sewu raden, yen raden tambah karo aku, aku putra saka Negara Purwacarita at-majane kanjeng rama Prabu Sumalidewa, aku Raden Sumalintana.
364. Kuswanalendra : Oo... putra Purwacarita, Sumalintana keka-sihmu.
365. Sumalintana : Iya raden, muga kersoa nepungna dhiri sapa raden taruna, sarta saka ngendi pinang-kamu.
366. Kuswanalendra : Aku Putra Durjanapura, putrane kanjeng rama Prabu Berjanggalawa, Raden Kuswanalendra aranku.
367. Sumalintana : Sing mburi sapa.
368. Kuswanalendra : Adhiku, Raden Berjanggalapati.
369. Sumalintana : Berjanggalapati, tepungna aku Raden Sumalintana.
370. Berjanggalapati : Inggih raden, kula pun Berjanggalapati. Dene ngantos keraya-rama pinanggih kula kaliyan kakang Kuswa wonten madyaning wana punika, badhe mengku karsa punapa.....
371. Sumalintana : Iya raden sakarone, malah tiwas kebeneran mbok menawa iki bakal bisa gawe pepadhangge Negara Purwacarita. Ngene Kuswa, yektine Nengaraku ing dina iki katempuh ing satriu jaya parangmuka Nalendra Gung saka Negara Sunggela Manik, Prabu Jalawalikrama. Nengaraku arep niat di enggo sungsang bawana balik. Para wadya bala akeh sing padha kapracondhang siji ae ora ana kang bisa ngasorake.
372. Kuswanalendra : Alon dhisik, negaramu dijarah rayah dening Prabu Jalawalikrama iku nalare yo'apa....
373. Sumalintana : Jalawalikrama ngersakake sedulurku tuwa kakangmbok Sumaliwati. Nanging kangmbok durung gelem winengku dening priya. Niyate rinoyok rosa rinebut wani ndadekna pancakara ing antarane wadya Purwacarita klawan Sunggela Manik. Ning wadyabala Purwacarita kabeh padha kasoring jurit kalindih ing perang.

374. Kuswanalendra : Lha sliramu 'ki putra nalendra. tekadmu endi dene negaramu dijarah rayah dening wong manca negara kok meneng ae, wong nom-noman sik bagus, sik gagah ngene kok cik bodhone sliramu iki. Apa lila negaramu di-icak-icak wong manca negara. Tekadmu endi Sumalintana...!
375. Bagong : Lho ya' apa cik slorone arek iku ma... kandhanana ma, ya' apa wong putra ratu hare, dituding-tuding ngono.
376. Semar : Wis deloken ae nak..deloken ae, cacak ya' - apa mengko dadine.
377. Sumalintana : Ngene raden, wis ora kurang-kurang anggonku mbebela. Nanging wruhana Jalawali-krama ngluwihi manungsa lumrah kadigdayane. Sasat dewa ngejawantah, wadya bala wis kapracondhang saka palagan, rama prabu ngutus supaya aku ngupadi sraya.
378. Kuswanalendra : Golek sraya, tegese golek sanjata pitulungan.
379. Sumalintana : Iya bener raden, mula tiwas kebeneran aku ketemu raden sakarone ana kene, aku njaluk sanjata pitulungan marang raden sakloron, undurna nalendra saka Sunggela Manik.
380. Kuswanalendra : Aku mbok jaluki tulung....??
381. Sumalintana : Iya.
382. Kuswanalendra : Wong nyambut gawe iku ana ongkose. Ongkose apa Sumalintana...
383. Bagong : Kandhanana ma, ndara Rama biyen iku lek nulungi uwong, rame ing gawe sepi ing pamrih ma...
384. Semar : Gak kenek le...ndaramu Kuswa nek wis ngono iku..wis deloken ae naak, dielingna gak kenek, seje karo bendaramu Berjanggalapati..
385. Berjanggalapati : Kangmas...., mangga dipun aturi sanjata pitulungan, ampun taken bab ganjaran, kang
386. Kuswanalendra : Heh.. nek gak melok, balik-a.... balik !!! ngri-dhu-ridhuni laku ae. Aku nyirnakna raja angkara Ratu Sunggela Manik iku, tekad-e nek gak menang ya kalah, yen kalah tartamtu mati. Yen ora oleh ganjaran ya' apa heh..ora entuk bebungah... luwung nganggur apa'a.
387. Bagong : Ngono kok urip arek iki..... ah, ya' apa.
388. Semar : Menenga ae nak, koen ngko ditaboki lho le, wong tuwa ditaboki arek enom ndang, ngre-

- sulaaa...
389. Kuswanalendra : Kaya ngapa Sumalintana...
390. Sumalintana : Raden wruhana, malah dhawuhe kanjeng rama, sok sapa ae ingkang bisa ngundurna Nalendra Sunggela Manik, ganjarane siji bakal winisudha jumeneng nata ing Praja Purwacarita. Angka loro bakal den dhaupna klawan kakang mbok Dewi Sumaliwati.
391. Kuswanalendra : Lha...lak ngono-a, lek ngono tak tanggung. Kari bandha nonton, bandha keplok, delengen kaya ngapa kridhane Raden Kuswanalendra mateni Prabu Jalawalikrama. Piiira kadare Prabu Jalawalikrama, wong ratu angkara. Aku putune Bethara Rama sing tautate nyirnakna ratu Ngalengkadiraja Prabu Dasamuka, nek aku nganti ora bisa nyirnakne ratu angkara, ora ana gunane aku kondhang putune Bathara Rama. Mundura.....Tuduhna sepira gedhe cilike Prabu Jalawalikrama.
392. Sumalintana : Yen mangkono raden, aja ndadak kedaluwarsa ayo dak kanthi menyang alun-alun Purwacarita, papagen kridhane Jalawalikrama.
393. Kuswanalendra : Ohh...., kari bandha nonton, delengen kaya ngapa anggonku mrawasa, mocok gulune Jalawalikrama.

Gangsa mungel Ayak Kkempul Kerep laras Slendro pathet Sanga. Ringgit sami bebidalan saking tengen mangiwa. Kayon kalampahaken mangiwa manengen rambah kaping sepindah, tanda beda papan panggenan. Kuswanalendra medal saking tengen kapapak Jalawalikrama saking kiwa. Ringgit sami tancep ing siti inggil kanthi astha walang kerik. Adep-adepan, gendhing suwuk, lajeng bendhengan.

Bendhengan

$\begin{array}{ccccccccccc} \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot \\ 3 & 3 & 3 & 3 & 3 & 3 & 3 & 3 & 3 & 3 & 3 \\ \text{Dasamuka neran kapineran} \\ \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot & \cdot \\ 1 & 2 & 3 & 3 & 1 & 21 & 1 & 1 & 1 & 1 & 3-2 \\ \text{Rikmanya kadya to ya kabendhana, O} \end{array}$

6 6 6 6 56 53 3 3
Sambata mring ba pa i - ra

1 1 1 1 1 1 16 6 6 6 6 6 6
Yana sambata mring ba-pa-i-ra citrabaya

Ginem.

394. Jalawalikrama : Lha.. dalah, sumbar petak ana madyane palagan, sapa iki ??
395. Kuswanalendra : Tambuh klawan aku, putra Durjanapura, Kuswanalendra ya Raden Kuswa aranku.
396. Jalawalikrama : Lha dalah, Raden Kuswa.
397. Kuswanalendra : Iya.. apa sliramu Nalendra Sunggela Manik Prabu Jalawalikrama.
398. Jalawalikrama : Dhasar kepara nyata, nek wis ngerti klawan aku karepmu apa Kuswa..
399. Kuswanalendra : Manuta tak kethok gulumu, tak aturne nger-sa dalem Prabu Sumalidewa.
400. Jalawalikrama : Elho.... cethane sliramu iki srayane Ratu Purwacarita.
401. Kuswanalendra : Dhasar kepara nyata, aku jagone wong Purwacarita. Ora enggal ninggalne Negara Purwacarita padha karo gak ana gawe tolek gawe, ora isa nata gawe kepara dadi gawe, mati sing mbok karepna, lara sing mbok gayuh.
402. Jalawalikrama : Lha dalah bocah iki, kaya sak cengkang kandele kulitmu (*Gadhingan*), kaya isa nggraji angin sumbarmu, wani nandhingi Jalawalikrama padha karo nyidham trebela Kuswa....
403. Kuswanalendra : Tandhingana Putrane Berjanggalawa.

Gangsa mungel Ayak laras Slendro pathet Sanga. Ringgit sami perang, Jalawalikrama kasoran, ringgit tancep siti inggil kiwa. Gendhing suwuk, lajeng bendhengan, sak telase bendhengan Jalawalikrama ngudarasa.

Bendhengan

3 3 3 3 3 3 3 3 3 3 2 2
Yana andhik dukanira, sang raja pa ti

6 6 6 6 6 3 53 3
 Taranggana mangsa sa ran

1 2 3 3 3 12 62 1
 Umpak : jahning ujan o ra na na

Bal : - - - 3 - 5 6 - 6 1 6 3 - 2 1 6

Ngudarasa.

404. Jalawalikrama : Aduh, aduh mati aku, eh hemm... aduh, sumrepet panonku, uh.. ha hak oo.... lha dalah.... ora kena dieman keparat !!!

Gangsa mungel Alap-alapan laras Slendro pathet Sanga. Jalawalikrama majeng perang malih. Ringgit adep-adepan gending kasirep lajeng tantangan.

Ginem.

405. Jalawalikrama : Dina iki sambata marang wong tuwamu sakloron, mbesuk ditakoni dewamu aja kathik mukir aku sing ngoncatna nyawamu.

406. Kuswanalendra : Oo....Putra Durjanapura kalah karo wong angkara, dak kira ora adil dewa iki.

407. Jalawalikrama : Yen kaya mangkono jajalen...ayo jajalen.

Lajeng perang malih, Raden Kuswanalendra kawon katungka Berjanggapati. Kuswa tancep ing siti inggil tengen, Berjanggapati tancep ing paseban kiwa. Kaderekaken punakawan. Gending suwuk nuli ginem.

Ginem.

408. Kuswanalendra : Berjanggapati, pun kakang tengah-tengahing bandayuda karo Prabu Jalawalikrama mbok prepegi arep apa.

409. Berjanggapati : Dhuh kangmas, kakang Kuswa sampun kalindhih ing jurit kaliyan Prabu Jalawalikrama, duh kangmas ingkang rayi mugia dipun keparengaken sabiyantu lumawan Prabu Jalawalikrama, kangmas....

410. Kuswanalendra : Mbiyantu aku...iya...mbok anggep aku iki bo-
cah cilik, kalah trus keplayu ngono... aku
ngono sik wani.
411. Semar : Den...kersane empun direwangi, kersa-
ne...mangga bandha nontok mawon.
412. Bagong : Nggih den la napa ngreken. Turu-turu na-
pa'a. Arek ngoten niku bah digepuki uwong
bah ora. Lha nek kono iku kalah iku ma, ati-
ku iku surak hare...aku nde lok thok ae gak
keduga iku...
413. Kuswanalendra : Gong.....
414. Bagong : Nun.....
415. Kuswanalendra : Ngomong apa.
416. Bagong : Ee.....ningali ndara niki wau kok digdaya.
417. Kuswanalendra : Waah.koen iku kok mencla-mencle Gong
omongmu, Gong...umpama aku mengko
unggul ing jurit, Sumaliwati bakal dadi jodho-
ku. Cethane dadi garwaku.
418. Berjanggalapati : Kangmas, kula sabiyantu punika mboten kok
lajeng mangke yen kula mangke mimpang,
Sumaliwati miwah Negari Purwacarita kula
ingkang gadhah. Ning sadaya kala wau ba-
dhe kula aturaken kakang Kuswa minangka
tandha tresna kula dhateng sedherek sepuh.
419. Kuswanalendra : Oo... lek awakmu menang, ganjarane.....
420. Berjanggalapati : Nggih katur panjenengan
421. Kuswanalendra : Kanggo aku.....
422. Berjanggalapati : Inggih kakangmas...
423. Kuswanalendra : Ya embuh lek ngono..... ya, ya. Nanging yen
nganti ora bisa ngalahna Prabu Jalawalikra-
ma aja takon dosamu. Pedhote gulumu toto-
hane. Kaya ngapa.....
424. Berjanggalapati : Inggih purun.
425. Kuswanalendra : Gelem !!!
426. Berjanggalapati : Purun kakangmas.
427. Semar : Wah... kok cik luhure le... budine bendara-
mu Berjanggalapati. Lek kalah iku lak ya dipa-
teni.
428. Bagong : Lha ndara Berjanggalapati iku gak oleh gawe
tolek gawe kok maa...wak..nganggur-ngang-
gur jebolana jenggotku apa'a, tak elem-
Timbang mbiyantu dulure wong kaya ngono.
429. Kuswanalendra : Maguta ana palagan perang, aja ndadak ke-
daluwarsa aku njaluk bukti sirahe Jalawali-
krama aturna ana ngarepe pun kakang.
430. Berjanggalapati : Nyuwun tambahing pangestu.

431. Kuswanalendra : Sing ngati-ati aja kaya bocah yayi...

Gangsa mungel Ayak Kempul Kerep laras Slendro pathet Sanga. Ringgit kaentas mangiwa kawiwitan saking berjanggalpati, Semar, Bagong, lajeng Kuswanalendra. Berjanggalpati majeng saking tengen papagan lan Jalawalikrama. Ringgit sami tancep ing siti inggil. Gendhing suwuk lajeng bendhengan

Bendhengan

3 3 3 3 3 3 3 2 2 2 6 3 5 3 3
Angkawijaya sekar ti – nu lis, Wong mer ta pa

1 2 3 3 5 3 1 2 1 1
Wong mer ta pa la li pu – tranya umpak : 5 3 2 1

Ginem.

432. Berjanggalpati : Apa iki kang jejuluk Prabu Jalawalikrama
433. Jalawalikrama : Dhasar kepara nyata, iki sapa iki ?
434. Berjanggalpati : Adhine kakang Kuswa, aku Raden Berjanggalpati.
435. Jalawalikrama : Dulure Kuswa.... Karepmu apa ?
436. Berjanggalpati : Nyambung watang putunge dulurku tuwa kang katone wus kalindhing ing prang lumawan sliramu. Saiki adhine kang bakal saguh ngisas cagake kupingmu.
437. Jalawalikrama : Ellho,...ha...ha...ha.... Berjanggalpatooooiii... Berjanggalpati. Mesisan gawe, ayo ketogen karosanmu.
438. Berjanggalpati : Sura mrata jaya mrata, sudira kang wani mati (GADHINGAN), Jalawalikrama, aja dumeh cilik Berjanggalpati dhuwur sliramu aku ora ngandhani, dhuwur Jalawalikrama aku ora ngrangsang, kanthi tengara pedhote gulumu minangka tandha yen ta bakal den tekakna jaman rat pengadilane Jalawalikrama.
439. Jalawalikrama : Waaah..Ora kena dieman untapne nyawamu...
440. Berjanggalpati : Tak ladeni.....

Gangsa mungel Ayak Kempul Kkerep laras Slendro pathet Sanga, ringgit sami perang sawetawis. Lena Jalawalikrama kaicak dening Berjanggalpati. Gendhing suwuk (gong 1,) Berjanggalpati nuli sumbar.

Ginem.

441. Berjanggalpati : Hayo Jalawalikrama iki sing mbok jaluk, iki sing mbok karepna. Sambata ibu pertiwi, aku kang bakal mocok cagake talinganmu.
442. Jalawalikrama : Adduuh... ya Berjanggalpati, yen pancen sli-ramu bisa nggawe patiku mara enggal sengkakna. Kepara aku tumekeng pralaya tinimbang ora bisa sandhing karo calon garwaku Dewi Sumaliwati.
443. Berjanggalpati : Yen ta kaya mangkono gedhekna tekadmu arep sowan marang pangayunan tak gelisna anggonku nguntapna nyawamu. O....

Pocapan kairing gadhingan

Pocapan

Raden Berjanggalpati sigra ngayat pusaka. Duwung kaliga saking ponang warangka. Dhasar putra Durjanapura, ponang pusakane katon meloh pamor pating galebyar pating kalepyur cahyane. Sedyane arsa nugel ponang jangga, janggane Prabu Jalawalikrama. Ora krasa Berjanggalpati anggone ngicak ponang walikat. Dangune dangu walikat mawa riwe gumrobyos saking ragane Jalawalikrama, luuunyu sanalika ponang walikat. Jalawalikrama kraos yen radi ginggang pangicaking Berjanggalpati. Berjanggalpati den jongkrokaken kajengkang, Jalawalikrama mlesat ing dirgantara.

Gangsa mungel Alap-alapan laras Slendro pathet Sanga. Nedyka kating janggane Jalawalikrama, sak nalika Jalawalikrama gumregah uwal saking astane Berjanggalpati, mlesat ing dirgantara. Berjanggalpati kaget katungka Kuswanalendra saking tengen tancep siti inggil tengen, Berjanggalpati marep mangiwa atur sembah tancep paseban kiwa, Semar lan Bagong medak saking kiwa tancep paseban kiwa. Gendhing suwuk lajeng bendhengan.

Bendhengan

$\dot{3}$
 Yana andhik dukane sang ra ja pa ti

6 6 6 6 6 3 53 3
 Taranggana mangsa sa ran

· · · · ·

1 2 3 3 3 3 1 21 1
Mangli-wer-an mangendha ge lap

Ginem.

444. Kuswanalendra : Berjanggalpati.
 445. Berjanggalpati : Wonten dhawuh kangmas.
 446. Kuswanalendra : Jalawalikrama ana ngendi.
 447. Berjanggalpati : Kala wau sampun saget kula pikut.
 448. Kuswanalendra : Oo....sokur dhi....sokur. Wis mbok pikut banjur...
 449. Berjanggalpati : Kula icak walikatipun mboten saget ebah. Badhe kula tamani duwung kangmas.... Kula dipun jongkrokaken lajeng piyambakipun mlesat wonten dirgantara.
 450. Kuswanalendra : Saiki....
 451. Berjanggalpati : Duka kangmas, wong ngambah gegana sirna saking madyane palagan perang.
 452. Kuswanalendra : Kok cik bodhomu, wong kari ngethok gulune gok gak enthos iku lho.. wong kari ngethok gulune, Jalawalikrama wis ora isa budi, wong kari mateni kok gak isa. Kok cik bodhone. Kaya ngapa ngene iki, lak ya isin aku ora isa nggawe patine Jalawalirama.
 453. Semar : Ngeten lho guus, wong pancene mpun mboten saget, lek ngoten Sumaliwati niku sanes jodhomu ndika ngoten...sak nik mangga nilaraken Purwacarita, sanjange ndara badhe ngulandara, ha... mangga.
 454. Kuswanalendra : Ora..!! aku bakal ngakoni yen wis bisa mateni Jalawalikrama. Aku tak sowan ana nger-sane Prabu Sumalidewa. Nyatane Jalawalikrama wis gak ana, saora-orane wis wedi karo adhiku Berjanggalpati. Wis gak apa-apa tak uripi sliramu. Awit ala-a sliramu wis bisa ngalahna Prabu Jalawalikrama, bombong rasaku yayi. Perkara iki mengko, nadyan aku ora bisa mateni Jalawalikrama aku ngaku-ngaku isa mateni lak ya uuwis-a...
 455. Semar : Oo.. goroh niku mboten sae den..., heee ... mboten watake putra Durjanapura
 456. Kuswanalendra : Wis menenga... menenga !!!!
 457. Bagong : Menenga ma.... menenga ma, jarna ae wis. Koen iku nglarang aku jarna ae malah nge-cuwis ae koen iku.....

458. Kuswanalendra : Wis... Semar, entenana njaba, hayo Berjangga pati dherekna pun kakang munggah marang paseban Negara Purwacarita matur yen Jalawalikrama wus tumekeng pati, dak pateni. Aja awakmu lho ya.....aja awakmu sing ngaku ngalahna Jalawalikrama, ning pun kakang..
459. Berjanggalapati : Inggih kangmas suwawi kula dherekaken
460. Kuswanalendra : Ayo dhi...waaah iki bakal isa mboyong putri Purwacarita, bakal buuungah penggalihne kanjeng rama Berjanggalawa

Gangsa mungel Ayak Kempul Kerep laras Slendro pathet Sanga. Jejer candakan kaputren Purwacarita, Dewi Sumaliwati medal saking tengen nuli tancep siti inggil tengen, kaadhep emban ingkang tancep ing paseban kiwa. Gendhing suwuk lajeng bendhengan.

Bendhengan

$\overset{\cdot}{2} \overset{\cdot}{3} \overset{\cdot}{3} \overset{\cdot}{3} \overset{\cdot}{3} \overset{\cdot}{3} \overset{\cdot}{3} \overset{\cdot}{3} \overset{\cdot}{2} \overset{\cdot\cdot}{35} \overset{\cdot}{2} \overset{\cdot}{2} \overset{\cdot}{2}$
 Ya na ngli li ra wrandhane, sang dwi ja maya

$6 \ 6 \ 6 \ 6 \ 6 \ 3 \ 5 \ 3 \ 3$
 Singsetana gelung kondhe

$\overset{\cdot}{1} \overset{\cdot}{2} \overset{\cdot}{3} \overset{\cdot}{3} \overset{\cdot}{3} \overset{\cdot}{3} \overset{\cdot}{1} \overset{\cdot}{21} \overset{\cdot}{1} \overset{\cdot}{1} \overset{\cdot}{1}$
 Wong a yu a ja ci dra ing semaya

Ginem.

461. Sumaliwati : Biyung emban.
462. Emban : Wonten dhawuh ndara ayu.
463. Sumaliwati : Sapa wonge sing ora susah lho biyung, ing ngatase aku arep kapundhut garwa nalendra angkara saka Negara Sunggela Manik. Biyuung tak enthengna patiku timbang aku le-ladi marang nalendra kang watak dursila asoring budi.
464. Emban : Ndara ayu ampun ngantos cekak ing nalar. Mboten kersa nggih mboten kersa. Tiyang mboten purun punika mboten saget kapeksa, kusumaning ayuu....

465. Sumaliwati : Ya bener, nanging biyung, nek aku ora gelem Negara Purwacarita arep dijarah rayah dening Prabu Jalawalikrama.
466. Emban : Nggih.... nanging pun kuwatos, menawi bendara ayu mboten kersa dipun boyong dhateng Negari Sunggela Manik inggih sampun ndara ayu, kula nggih ndherek prihatin. Mugi-mugi Gusti ingkang Maha Agung enggal paring jodho dhumateng bendara kula ayu ingkang saget paring pangayoman kalih bendara ayu, gusti kula Dewi Sumaliwati.
467. Sumaliwati : Ngonono ya biyung.
468. Emban : Inggih ndara..... Oo.....

Kalajengaken pocapan kairing gadhingan, sinaretan ngedalaken Jalawalikrama saking nginggil kiwa (kaentha ngungak-ungak) saking dirgantara.

Pocapan

Eca nggennya sami rerembagan putri Purwacarita kusumaning ayu Ni Dewi Sumaliwati. Datan kraos anggennya samya rerembagan dening tingali saking gegana dening Prabu Jalawalikrama, ing raos semune ngudarasa Jalawalikrama: "Oo.... Iki Dewi Sumaliwati, wah... nyata ayu temenan memba widadari ngejawantah. Wah..... yen ta kaya mangkene apa gunane aku pancabakah karo wadya bala Purwacarita apadene srayane Prabu Sumalidewa". Niyub saka dirgantara Sumaliwati den candhak wani, kabeta mabur ing gegana.

Gangsa mungel Alap-alapan laras Slendro pathet Sanga. Dewi Sumaliwati kadhusta prabu Jalawalikrama kabeta mabur. Gendhing suwuk lajeng emban tancep paseban tengah marep mangiwa, ngudarasa.

Ngudarasa.

469. Emban : Duuhh.... ketiwasan ora wurungan bakal nampa pidana saka bendaraku Sumalidewa. Sinuwun..ketiwasan sinuwunn...

Gangsa mungel Ayak Kempul Kerep laras Slendro pathet Sanga. Emban kabedhol kaentas manengen marak sowan prabu Sumalidewa. Sigeg kayon, jejer candakan kraton Purwacarita. Prabu Sumali-

dewa medal saking tengen tancep siti inggil tengen, kaseba Sumalintana tancep paseban tengen, Kuswanalendra lan Berjanggalapati tancep paseban kiwa. Gendhing suwuk lajeng bendhengan.

Bendhengan

1 2 3 3 3 3 3 3 2 2 2 2
Sri Rama ya amuwus, a - glis lesmana

6 6 6 3 5 3 3
Ngembanana dhawuh

1 2 3 3 3 1 2 1 2
Teja tawang teja kuwung, O

Ginem.

470. Sumalidewa : Sumalintana, iki sapa iki.
471. Sumalintana : Inggih Dewaji, punika Putra Durjanapura ingkang saget ngentasi damel, ngicali kliliping Purwacarita rama.
472. Sumalidewa : Lha dalah.... apa iya.
473. Sumalintana : Mangga dipun dangu piyambak rama.
474. Sumalidewa : Sliramu sapa raden...
475. Kuswanalendra : Nuwun ingih paman, kula putranipun kanjeng rama Prabu Berjanggalawa ing Durjanapura, Raden Kuswa...nami kula paman prabu.
476. Sumalidewa : Lha sing mburi.....
477. Kuswanalendra : Punika adhi kula Berjanggalapati..
478. Berjanggalapati : Kula ngaturaken sembah pangabekti paman prabu....
479. Sumalidewa : Ya..tak tanpa. Dhasar wayahe Prabu Ramawijaya ora mokal yen bagus-bagus. Kuswa, miturut ature Sumalintana sliramu ingkang bisa gawe patine Prabu Jalawalikrama.
480. Kuswanalendra : Oo..inggih paman, menawi mboten wonten kula dados naaapa Negari Purwacarita punika. Nggih tujunipun kok wonten kula, mboten ngangge ndadak kedaluwarsa Jalawalikrama kula icak walikatipun mboten saget budi kula kisas jangganipun pejah sanalika. Ning pejahipun mboten nilar bebangke, mekrat sakragaganipun.
481. Sumalidewa : Dadi tanpa wangke....
482. Kuswanalendra : Nuwun inggih paman....

483. Sumalidewa : Ya wis dak tanpa...Ooh dadi mantuku ngger, Sumalintana wis dadi bejamu duwe kadang ipe tedhaking andanawarih, tedhaking wong hambeg utama. Ya, ya ngger Kuswa, mbesuk kursi gadhing Purwacarita iki bakal dadi darbekmu. Oo

Kasambet pocapan

Pocapan

Praptanipun mbok emban jeli-jeli wonten ngarsanipun Sang Prabu Sumalidewa. "sinuwun ketiwasan sinuwuuunnn"

Gangsa mungel Ayak Kempul Kerep laras Slendro pathet Sanga. Emban medal saking kiwa, atur sembah nuli tancep paseban kiwa sak ngajengipun Kuswanalendra. Gendhing suwuk lajeng ginem.

Ginem.

484. Sumalidewa : Emban ana apa kok jeli-jeli sowan ana ngarsaku. Matura...
485. Emban : Wonten kabar tiwas sinuwun
486. Sumalidewa : Kabar tiwas sing kaya ngapa ?
487. Emban : Ndadosaken kawuningan sinuwun, keng putra bendara kula Dewi Sumaliwati dipun cidra dening duratmaka sinuwun...
488. Sumalidewa : Kaya ngapa..... dicitra duratmaka ?? apa sliramu weruh sapa malinge.
489. Emban : Nuwun inggih sinuwun, kula mboten pangling punika Nalendra Sunggela Manik Prabu Jalawalikrama.
490. Sumalidewa : He...!!! aja angger sliramu ngucap, aja angger matur. Jalawalikrama iki wis mati diprawasa putra Durjanapura Raden Kuswa.
491. Emban : Mboten sinuwun, kula sumerap piyambak kusumaning ayu kabekta mabur wonten ing dirgantara dening Prabu Jalawalikrama.
492. Sumalidewa : Mundura emban !(Emban kaentas mangiwa) Kuswa.... Majua.
493. Kuswanalendra : Dhawuh paman.
494. Sumalidewa : Jalawalikrama iki wis kok pateni temen apa tah lelamisan angonmu ngucap, he..Mbok

- pateni temen apa isih urip.... Lho Iha kok ora matur, kok ora ngucap, Kuswa !!!
495. Kuswanalendra : Inggih paman yektosipun duka pejah duka gesang, nalika badhe kula pejahi mabur wonten ing dirgantara.
496. Sumalidewa : We Iha dalah, dewa... dewa, ndadak turune Bethara Rama kok kaya ngene, esuk dele sore tempe ucapmu lelamisan. Aku iki ratu Kuswa,.....sinuyudan dening para kawula, para wadya balaku, ndadak kok sepelekna. Nyatane Jalawalikrama isih urip.....ora pantes dadi putune Bethara Rama. Ora ndadak kesuwen malah sepet mripatku, yen ta ora bisa nemokna anakku Sumaliwati tak wadulna wong tuwamu, pidana apa kang bakal kok tampa. Minggata saka ngarepku.....
497. Kuswanalendra : Waduh..... mati aku..

Gangsa mungel Ayak Kempul Kerep laras Slendro pathet Sanga. Kuswa katundhung daya daya lumajar, Kuswa kabedhol lumampah mangiwa. Gendhing suwuk lajeng ginem.

Ginem.

498. Sumalidewa : Ana apa Berjanggapati ?
499. Berjanggapati : Paman prabu, sampun kakang Kuswa ingkang kadudukan, kula mawon ingkang sagah dados gantosipun, paman prabu, kula ingkang sagah madosi kakang mbok Sumaliwati
500. Sumalidewa : Oo.. Iha dalah. Iki pantes dadi putra wayah Bethara Rama. Ya.. rada kasar ya ngger keng paman iki mau, sapa ora enggal nepsu, wong jare wis mati kok malah nyidra anakku Si Sumaliwati.
501. Berjanggapati : Kula sagah, mangsulaken kakangmbok Sumaliwati wonten ngarsanipun paman prabu.
502. Sumalidewa : Yen kaya mangkono aja ndadak kedaluwarsa dak ranti ana ing Purwacarita ya ngger.
503. Berjanggapati : Nyuwun tambahing pangestu paman.
504. Sumalidewa : Yo, tak pengestoni aja kaya bocah, kebaka ing rasa pengati-ati Berjanggapati.

Gangsa mungel Ayak Kempul Kerep laras Slendro pathet Sanga, ringgit bedholan. Berjanggapati kabedhol atur sembah kaentas ma-

ngiwa, Sumalidewa kaentas manengen, Sumalintana kabedhol marep manengen atur sembah nuli lumampah mangiwa. Adegan candakan Kuswa medal saking tengen tancep siti inggil tengen lan Berjanggalpati medal saing tengen nuli sembah tancep ing paseban kiwa, kaderekaken punakawan. Gendhing suwuk lajeng ginem.

Ginem.

505. Kuswanalendra : Kakang Kuswa badhe tindak pundi... ?
 506. Berjanggalpati : Dhuh dhi... isinku ora kurang-kurang, diunek-unekna karo Prabu Sumalidewa. Berjanggalpati, banjur kaya apa yayi ?
 507. Semar : Heee....., salah ndika dhewe gus, mula tiyang niku kepara blaka kemawon, ngakune bisa ning ora bisa, lha akhire kaya ngeten niki, sing tuwa-tuwa melu kecandhak....
 508. Kuswanalendra : Semar, aja ndadak kakehan ucap, yen ora gelem ndherekna aku enggal minggata, minggata !!!
 509. Semar : Lho..... nggih, nggih. nggih niki sing kula jaluk, nggih omongan niki sing kula enteni. Gong...gak cocog iki nak, gak trep lek awake dhewe ndherekna barisane wong ngene-ngene iki le,
 510. Bagong : Lha terus ya' apa ma,
 511. Semar : Wis, ayo nyingkir nak, sajake....., aku iki wiwit jaman Wisnu nganti seprene iki gak tau le, nganti disentak ndara. ...
 512. Berjanggalpati : Semar, sing sabar Semar.....
 513. Semar : Wo...., mboten saget den..., mboten saget. Pun sementen mawon kula ndherekna ndara kula kekalih, pun..., sak laku-laku kula kalih anak kula Bagong. Ayo nak didoleki le, heeee..., Wisnu iki ana ngendi nak, Wisnu iki lee..., manunggal manitis ana ngendi. Ayo le.....

Gangsa mungel Ayak Kempul Kerep laras Slendro pathet Sanga. Semar lan Bagong medal mangiwa tanpa pamit. Gendhing suwuk lajeng ginem.

Ginem.

514. Kuswanalendra : Gak ditutna Semar gak apa-apa, wis mbuh menyang endi lakune pun kakang, yen ta si

adhi melu ya tutna lakune pun kakang, nuruti krentege rasa.

515. Berjanggapati : Kula mboten saget nilaraken kakangmas, minggaha arga badhe kula dherekaken, tumuruna trebis inggih kula amping kangmas,
 516. Kuswanalendra : Aja ndadak kedaluwarsa dhi, tutna lakuku mbuh mbesuk kaya ngapa purnane lakuku iki.

Gangsa mungel Ayak Kempul Kerep laras Slendro pathet Sanga. Kuswanalendra dalah Berjanggapati kabedhol lumampah mangiwa. Sigeg kayon, tancep ing paseban tengah radi miring mangiwa. Gendhing suwuk lajeng sendhon.

Sendon

2 2 2 2 2 2 2 12 65 61
 Lingsire ra tri wus ke tingal, o, o

3 3 3 3 3 3 5 36 6
 Kang kapiyarsa amung ku ki la

532 2 2 2 2 2 3 3 3 3 3 3 1-21 1
 Bi narung swarane, jalma kang ngupadi wa rih

6 1 2 2 2 2 3 2 2 2 2 232 16
 Binarung swarane, jalma kang ngupadi wa – rih

Satelase sendon kasambet pocapan.

Pocapan

Datan kacariyos ingkang jumangkah ninggalaken Negari Purwacarita. Nengna kang winuwus ingkang wonten dhempok pertapan Jenang Gangsa, ana ingkang ngarani ing Dhempok Panglebur Gangsa. Nenggih sinten ta ingkang madhepok mangasrama wonten ing Jenang Gangsa nenggih punika Begawan Kumba-Kinumba. Kaseba ingkang putra sekawan perkawis, nenggih Wangsatanu, Wangsajalma, Kalakirna lan Butawreka. Gedhe perbawane pertapan Jenang Gangsa mawa cahya kaya-kaya den ayomi teja bengkok.

Gangsa mungel gendhing Luwung laras Slendro pathet Sanga. Jejer pertapan Jenang Gangsa. Sak sampunipun gending mungel, kayon kabedhol lumampah manengen nuli tancep paseban tengen sisih

pinggir. Ringgit begawan Kumbakinumba medal saking sisih tengen sesarengan dawah gong, nuli tancep siti inggil tengen. Saking sisih kiwa medal raden Wangsatanu, atur sembah nuli tancep paseban kiwa. Raden Wangsajalma medal saking kiwa, atur sembah nuli tancep paseban kiwa sak wingkingipun Raden Wangsatanu. Raden Kalakirna (Resaseputra) medal saking sisih kiwa, atur sembah nuli tancep paseban tengen sak ngajengipun begawan Kumbakinumba. Gendhing sirep lajeng janturan.

Janturan Pertapaan Leburgangsa

Nenggih ta punika ingkang mapan wonten dhempok Jenang Gangsa. Yen ta den leluri nyata punika putranipun Sang Kumbakarna. Ing kalenggahan mangke sampun mapan lenggah sang hambeg pendhita, Begawan Kumba-Kinumba. Nadyan ta wujud reksasa sagiri suta agengira, nanging ora beda klawan ingkang rama Kumbakarna, watak luhur ing budi estu anggenipun nggayuh kasampurnan jati mbenjang sageta manitis dhateng jalma lumrah ingkang watak utama. Kadhep ingkang putra sekawan perkawis, ingkang pambajeng punika sang Wangsatanu. Sawingkingipun Wangsatanu inggih punika sang Wangsajalma miwah Kalakirna. Kalakirna benten lan sedherek-sedherekipun mawa cacad kebak memala, bekonyoken udunen korengan sasat ora ana wutuhe ragane. Nggennya sapejagong den adhep ingkang putra ndadosaken bingahing penggalih sang wiku Begawan Kumba Kinumba. Sigra andangu keng putra dene kok benten kalayan adat sabenipun anggenipun anggubel dhateng piyambakipun. Mangkana pandangunipun dhateng ingkang putra sekawan perkawis : “He he.... anak-anakku ngger, Wangsatanu, Wangsajalma, Kalakirna. Kono-kono ngger kepenakna anggonmu marak sowan ana ngarsaku.....

Gendhing udhar nuli suwuk, kalajengaken sendon. Sak telase sendon nuli ginem.

Sendon

1 1 1 1 1 1 61 32

Yana mandhap ing ngarsa, o

3 3 3 321 1 1 1 1 1 2-13

Bibrignya lir kala kasiku, O

2 2 2 2 2 2 2 2 1-6 3-21

Kolangkeyan anak-anak nir bi ta, O

612 12 6 6 6 65 3
A lon nggennya a muwus

Ginem.

517. Kumbakinumba : Anak-anakku ngger, Wangsatanu, Wangsajalma, Kalakirna.
518. Wangsatanu : Waa... bapakku ana paran.
519. Kumbakinumba : Seje karo adat kang uwis anggonmu sowan sadurunge tak dangu apa wigatimu anggonmu nggubel karo kang bapa, ngaturna apa'a nuduhna darma karo wong tuwa.
520. Wangsatanu : Waa... lilanana aku atur bekti ana ngarepe bapakku.
521. Kumbakinumba : Yaa, ya nak dak tampa, muga pengestuku sumrambaha marang sliramu Wangsatanu.
522. Wangsatanu : Waa.... muga amimbuhi kayuwanku bapakku.
523. Wangsajalma : Bapak.... aku ngaturna sungkem.
524. Kalakirna : Aku ya ngaturake sungkem bapak.
525. Kumbakinumba : Wiiiiss.... kabeh dak tampa. Saiki mara gage aturna karepmu Wangsatanu.
526. Wangsatanu : Waaa...dina iki aku lilanana ninggalna padhepokan. Gegayuhanku kepengin mahambeg kaya bapakku Begawan Kumba-Kinumba, kepinginanku dadi pendhita kang pinunjul.
527. Kumbakinumba : Wis saiki sawatara tapa-a mundur ya ngger, aja leren-leren anggonmu tapa mundur yen ora ketemu gunung kang bisa gendhingan, gunung kang bisa giro kaya dene girone gamelan. Ing kono sliramu mertapa-a, mangasrama-a madega dadi brahmana.
528. Wangsatanu : Waaa... kapan anggonku mangkat bapakku.
529. Kumbakinumba : Mbesuk dadak ngenteni apa, angger yen kenceng tekadmu, dina iki dak lilani, budhala muga dadi pendhita kang utama ya ngger.....
530. Wangsatanu : Yaa bapak, pengestumu dak jaluk. Oo....

Pocapan kairing gadhingan

Pocapan

Wangsatanu sigra nuhoni dhawuhipun kang bapa, mertapa mundur ora leren-leren lamun mbesuk ora ketemu gunung kang bisa gegendhingan. Mula kacarita yen mbenjang wonten pendhita Gunung Gen-

dhing Begawan Wangsatanu, yaiku sajatine putra Jenang Gangsa anggenipun nuhoni dhawuhipun ingkang rama

Gangsa mungel Ayak Kempul Kerep laras Slendro pathet Sanga. Wangsatanu kabedol medal paseban. Gendhing suwuk lajeng ginem.

Ginem.

531. Kumbakinumba : Lha sliramu arep apa Wangsajalma.
 532. Wangsajalma : Wah bapak, aku mbok lilanana kepingin jumeneng nalendra. Aku kepingin dadi ratu, bapak....
 533. Kumbakinumba : Wah iya. Yen pancen kaya ngono ngger, pado karo kakangmu Wangsatanu tapa-a mundur. Mbesuk sliramu kena leren yen wis kesandhung candhi kang digawe saka bata. Ing kono sliramu bisa yasa negara.
 534. Wangsajalma : Ngono bapak... yen kaya ngono aku njaluk pangestu.
 535. Kumbakinumba : Tak lilani ngger sing ati-ati. Oo.....

Pocapan

Kacarita yen ing mbenjang Wangsajalma kepanggih candhi bata, piyambakipun jumeneng nalendra wonten papan ngriku jejuluk Prabu Jathasura dene negarinipun dipun wastani Negari Mbatamerah. Sigra pamit bidhal ngayahi tapa.

Gangsa mungel Ayak Kempul Kerep laras Slendro pathet Sanga. Wangsajalma kabedol medal paseban. Gendhing suwuk lajeng ginem.

Ginem.

536. Kumbakinumba : Kalakirna.
 537. Kalakirna : Apa bapa.
 538. Kumbakinumba : Kari awakmu nak. Wis awakmu aja nang endi-endi, kancanana pun bapa ya nak...
 539. Kalakirna : Oo... nggag bapa, aku ya gag iso mapan ana Jenang Gangsa terus, delengen ta aku iki kaya ngapa, titah apa aku iki. Urip sepisan kok wis elek, bekonyoken, udunen, kore-

- ngenen. Penyakit kok tumplek blek neng awakku ki ya' apa iki.
540. Kumbakinumba : Lho lek wis ngono iku trimoen ae, wong peparinge dewa.
541. Kalakirna : Lha iyo, lek dewa sing nakdirna aku kaya ngene iki aku gak trima. Aku njaluk adile dewa, bapak.....
542. Kumbakinumba : Lho.... Njaluk adile dewa sing kaya ngapa..
543. Kalakirna : Lha dewa iki ngripta aku lantaran bapak lan biyung kok dadi kaya mangkene iki. Mangka dulur-dulurku gagah-gagah, prakosa, lha kok aku ndadak wis cilik dhewe.... kathik penyakit kok cik krasane neng awakku iki. Bapak..., lilanana aku tak njaluk adile dewa munggah neng Kahyangan.
544. Kumbakinumba : Lho..., aja lancang ngger..., Suralaya iku mawa teges Sura; wani Laya: pati. Sok sapa-a makluk ing ngarcapada kang wani munggah marang Suralaya yen ora oleh pali-lahe dewa bakal ngalamat dina naraka pati.
545. Kalakirna : Wis mesisan mati tinimbang urip kaya nge-ne. Ya bapak, idenana ya bapak, ucapmu sepisan "tak ideni lee" lak ngono-a. Wah...., bakal amimbuhi kayuwane anakmu Kalakirna, bapak ...
546. Kumbakinumba : Yoh ta Kalakirna, yen ta adreng panyuwunmu ngger, wong tuwa ora bisa apa-apa amung bisa njurung pamuji muga iso kasembadan karepmu, muga enggal ilang penyakitmu, gegayuhanmu kang utama bisa enggal kasembadan ya Kalakirna..
547. Kalakirna : Aku njaluk pamit ya bapak...
548. Kumbakinumba : Oo...., iya ngger sing ngati-ati Kalakirna....

Gangsa mungel Ayak Kempul Kerep laras Slendro pathet Sanga. Kalakirna kabedhol lumampah mangiwa. Begawan Kumbakinumba kabedhol lumampah manengen. Kayon kalampahaken, gendhing suwuk lajeng pocapan kairing gadhingan.

Pocapan

Saka giliging tekat gedhene niat Kalakirna kepingin enggal waluya ragane kang kebak penyakit. Mangka sedyane Kalakirna kejawi ndang ilanga memala kang mapan ana ragane yektine ana kang den ulati inggih punika panjalmane Bethari Mindarada ingkang duk natka-

la jamane Nagara Rogastina garwanipun Subalinata. Pramila saka adrenging tyas den sengkakaken nggennya lumaksana, sakedhap netra sampun ngancik Setra Gandamayit.

Pocapan

Kang kinarya sambeting carita nenggih Pasetran Gandamayit, sajuganing papan minangka setranipun para jin setan peri prayangan engklek-engklek balung atandak ililu banaspati, jrangkong warudoyong, gembil lan janggitan. Ora mokal lamunta papan ingkang gawat kaliwat angker kepati-pati bebasan sato mara sato mati jalma mara jalma keplayu. Inggang kinarya tetungguling para peri prayangan, nenggih Bathari Durga ya Bathari Premoni, pramila ageng pangari-bawanipun, wenang rusak datan wenang rinusak, wenang gawe datan wenang ginawe, mapan maksih garwane sang Hyang Jagad Giri-pati. Lenggah wonten ing bale wewangunan sinebo para bajobarat, detya kala Jaramaya, Jarameya, Padumeya, Jurumeya hanjrah ngantos dumugi imba-imbaning pasewakan. Dereng watawis dangu kasar sowan kalakirna ingkang sampun pikantuk aji cenda, mangkana Bathari Durga sigra ngrukmeng driya mangudasmaraning driya.

Gangsa mungel Ayak Kempul Kerep laras Slendro pathet Sanga. Kayon kalampahaken mangiwa dalah manengen kawalik lajeng tancep paseban tengen, tanda menawi papan kahyangan. Kalakirna kalampahaken saking kiwa manengen sarambahan. Gendhing suwuk sesarengan lampaha Kalakirna, lajeng pocapan.

Ginem.

549. Durag : Yektine ulun wus angerteni dene jeneng kita kalakirna wus antuk kanugrahan wujud aji cenda, ingkang saka iku muga jeneng kita bisa hanjaga sarta ngrumpaka marang aji cenda kang awujud buta bajang.
550. Kalakirna : Kawula nuwun inggih pukulun, kula tansah ngestokaken dawuh paduka pukulun.
551. Durga : Banjur samengko apa kang kita sedya sakteruse.
552. Kalakirna : Inggang kula sedya, nedya sowan ngersanipun pukulun Bathara Guru, mila kepareng kula nyuwun idi pangestu paduka pukulun.
553. Durga : Kalakirna iya, tak pangestoni muga kasembadan apa kang kita sedya.

Pocapan

Ing Repat Kepanasan mendel ing dalem sawetawis Kalakirna. Kagyat para dewa kena perbawane kang lagya minggah wonten Junggring Saloka. Sakala Hyang Narada ngetapaken para kadang dewa durandara pating cledher pating peprek kaya Dali nyempar banyu solah bawane para dewa anggenipun niti pirsia jroning Selamatangkep miwah Repatkepanasan.

Gangsa mungel Ayak Kempul Kerep laras Slendro pathet Sanga. Betara narada medal saking tengen nuli tancep siti inggil tengen. Betara brama medal saking kiwa, atur sembah nuli tancep paseban kiwa. Gendhing suwuk lajeng bendhengan.

Bendhengan

3 3 3 3 3 3 3 3 3 3 3 5 2 6 6 6 3 5 3 3
Yana dewa dewaning, tumuruna mring kutha laweyan

1 2 3 3 3 3 3 3 1 2 1 1
Nyeksenana tangkepe pra pendhawa

Ginem.

554. Narada : Aa..., bapa, bapa. Kethekle bongkla-bangkle waru dhoyong disangga uwong, pak-pak pong, pak-pak pong. Aa Brama..
555. Brama : Wonten dhawuh kanjeng wa.
556. Narada : Waah..., rupane iki ana titah kang sumengka pangawak bajra. Apa tandhane ngger delengen, cagak wesi oklak-aklik lawang Selamatangkep kebyag ambal kaping pitu dalem sedinane. Ombake ndhut Maniloka ngambrawara nganti sundhul ngawiyat tandha yan ta iki mbesuk bakal ana titah kang arep gawe ontran-ontran ana Kahyangan Suralaya. Mula ngger Brama, aja ndadak kedaluwarsa mara gage ayo diungak Repatkepanasan iki ana apa, ngono dhawuhe wong atuwa kita. Yen nganti ana titah kang bakal gawe ontran-ontran kudu dibalekaken yen ora gelem waah..., kudu dikum ana endhut Maniloka binanjut ana Kawah Candradimuka.

557. Brama : Menawi mekaten ingkang dados dhawuhipun kanjeng wa pukulun, ingkang putra namung ndherek keparengipun kanjeng wa Narada.
558. Narada : Wadyabala Durandara sithik-akeh padha ngawat-awatana saka dirgantara, cukup pun wa karo jeneng kita kang nitipriksa kang ana Repatkepanasan.
559. Brama : Suwawi kula dherekaken kanjeng wa...

Gangsa mungel Ayak Kempul Kerep laras Slendro pathet Sanga. Batara Narada lan Batara Brama bidhal lumampah mangiwa. Narada lan. Brama papagan lan Kalakirna. Batara Narada tancep siti inggil tengen, Kalakirna atur sembah, nuli tancep paseban kiwa, lan Batara Brama medal saking tengen nuli tanceb paseban tengen. Gendhing suwuk lajeng ginem.

Ginem.

560. Narada : Bapa, bapa, Brama...., ha iki apa kang ndadekna kocaking Kahyangan, gonjang-ganji-nge Suralaya. Aa...., alon dhisik ngger titah ulun, jeneng kita iki titah lumrah kok bisa mengkang klawan Selamatangkep mapan ana Repatkepanasan. Jeneng kita iki sapa ngger....
561. Kalakirna : Inggih pukulun kula ingkang sowan, kula pun Kalakirna.
562. Narada : Kalakirna....
563. Kalakirna : Ingih pukulun, sembah kula katur pukulun.
564. Narada : Ha..., ulun tanpa ngger Kalakirna. Rembug cukup, karep kita apa kok ndadak cumanthaka wani munggah marang Selamatangkep tanpa nganggo palilah ulun.
565. Kalakirna : Inggih pukulun, yektosipun kula niki sepisan, penjenengan pukulun sampun pirsu yen kula menika dospundi nggih..., menungsa ingkang tanpa rasa jalma nggih kula niki, kebak penyakit, bekonyoken, nggih korengen, nggih udunen mboten karu-karuan... niki yo' napa pukulun wong asale saking dewa niku, dewa ingkang nyipta kula, ingkang ngripta kula, Iha sakniki kula nyuwun waluya, niku kang sapisan pukulun. Angka kaping kalih wonten ingkang kula kajengaken ingkang langkung dene utami pukulun.

566. Narada : Waa...., bapa, bapa, ingkang luwih utama apa ngger Kalakirna.
567. Kalakirna : Kula punika kepingin gadhah bojo widadari pukulun.
568. Narada : Lo..., lo.. iki kaya ngapa wong kaya ngene wandane kok arep nyuwun omah-omah karo widadari, ingkang kita karepna sapa.
569. Kalakirna : Inggih punika Sri Widawati...
570. Narada : Woo...., mumpung durung balia, balia... Malah murang tata titah iki. Sri Widawati iku garwane Bathara Wisnu, ora kena !!. Ing atase titah kok ngarepna widadari. Kudu bali...
571. Kalakirna : Mboten pukulun, yen mboten dipun keparengaken nggih kula peksa, pun kula niyati, kula tekati, matiya kula niki malah nglenggana, damel napa urip nggih mung ngeten mawon.
572. Narada : Waah, ora kena dieman. Brama....
573. Brama : Wonten dhawuh.
574. Narada : Mangsa borong ngger...

Batara Narada ninggalaken Batara Brama lan Kalakirna sinaretan bendhengan. Batara Brama kabedhol nuli tancep siti inggil tengen asta walangkerik wani. Sak telase bedhengan nuli ginem.

Bendhengan

3 3 3 3 3 3 3 3 3 35 2
Yana mrebabak abang, ponang wadana

6 6 6 6 6 3 53 3 1 2 3 1 21 1 1 1
Netra kocak ngondar-an dir, Idepnya mangala cakra

Ginem.

575. Brama : Titah murang tata. Ora enggal sumingkir saka Repatkepanasan bali marang Nayomer-capada, ora wurung bakal lebur kuwandamu, ulun banjut marang Endhut Maniloka.
576. Kalakirna : Tak jabel basaku...., wis nekat kok masiya dipenggak dewa oleh gak oleh tak jaluk Si-Sri..., rabi elek ngingoni, rabi ayu ngingoni, enak rabi ayu pisan, ayo... Sri Widawati athik gak kok ulungna ngko athik gak tak iwa-iwa dewa iki.

577. Brama : Lha dalah...., ucape tansaya ndadra padha karo ula marani gepuk ngemping lara nggenjah pati, tak kum ana Endhute Maniloka ora wurung dadi intipe neraka jahanam.
578. Kalakirna : Waaah....., amit nuwun sewu dewa tak wakeni (ngantem)

Gangsa mungel Ayak Kempul Kerep laras Slendro pathet Sanga. Perang Brama kasoran. Sigeg Batara Narada medal saking tengen nuli tancep. Gendhing suwuk lajeng ginem.

Ginem.

579. Narada : Waa....., bapa-bapa, wah, wah....., nyata pilih tandhinge nadyan ala, yooh, yoh. Sareh sawetara wong sing dikarepna Sri Widowati. Wisnu... kaya ngapa garwamu dikarepna dening Kalakirna. Kaya ngapa rasane atimu Wisnuuu.....

Gangsa mungel Ayak kempul Kerep laras Slendro pathet Sanga. Narada kabedhol lumampah manengen. Sigeg kayon, tanda gantos papan nenggih khayangan Nilawindu. Batara Wisnu medal saking tengen kapapak Batara Narada saking kiwa, Batara Narada tancep siti inggil kiwa, Wisnu atur sembah nuli tancep paseban tengen. Gendhing suwuk lajeng bendhengan, nuli ginem.

Bendhengan

$\dot{3}$ $\dot{3}$ $\dot{3}$ $\dot{3}$ $\dot{3}$ $\dot{3}$ $\dot{3}$ $\dot{3}$ $\dot{3}$ 6 6 6 3 53 3
 Sang Hyang mayang dewa tumurun, Mring kutha laweyan

$\dot{1}$ $\dot{2}$ $\dot{3}$ $\dot{3}$ $\dot{3}$ $\dot{3}$ $\dot{3}$ $\dot{3}$ 1 21 1
 Nyeksenana tangkepe pra pendhawa

Ginem.

580. Narada : Aa..., bapa, bapa. Bethara Wisnu apadene ngger jeneng kita Basuki.
581. Wisnu : Wonten dhawuh kanjeng wa.
582. Basuki : Wonten dhawuh wa.
583. Narada : Yooh, wruhana praptane pun wa ana ing Nilawindu kene iki saka daya-daya engal pi-

- nanggih jeneng kita sakloron. Repatkepanasan ana manungsa, titah Nayomarcapada arep nembang Suralaya, apa maneh kang aran Kalakirna arep njaluk widadari, arep nglamar widadari.
584. Wisnu : Inggang dipun kajengaken widadari sinten wa....
585. Narada : Garwamu Sri Widawati ngger. Ha., Wisnu, Sri Widowati bakal rinoyok rosa rinebut wani karo Kalakirna.
586. Wisnu : Kurang ajar. Kula inggang badhe ngunduraken pun Kalakirna.
587. Narada : Woo, sing ati-ati ngger...

Gangsa mungel Ayak Kempul Kerep laras Slendro pathet Sanga. Wisnu kepanggih Kalakirna. Wisnu tancep siti inggil tengen, Kalakirna tancep siti inggil kiwa. Gendhing suwuk lajeng ginem.

Ginem.

588. Wisnu : Apa sliramu kang aran Kalakirna.
589. Kalakirna : Yaa, iki dewa sapa iki...
590. Wisnu : Macan Engyang Suralaya, Bathara Wisnu.
591. Kalakirna : Sing mburi...
592. Basuki : Aku Bathara Basuki.
593. Kalakirna : Woo..., Wisnu karo Basuki. Ana apa Nu...
594. Wisnu : Apa bener sliramu arep nglamar widadari Dewi Sri Widowati.
595. Kalakirna : Wah iyo Nu..., jarene Sri Widowati iku yahmana-yahmene tansah dadi rebutan. Ha sakiki karepku dewa iki welasa karo aku. Kejaba ngilangi penyakitku mbok aku lilanana duwe bojo widadari.
596. Wisnu : Sri Widawati iku Bojoku, Garwane Bathara Wisnu.....
597. Kalakirna : Wa..., lilakna Nu..., bojomu aku sing nduwe Nu ya....
598. Wisnu : Kurangajar..., Kalakirna...
599. Kalakirna : Ana paran.
600. Wisnu : Iso methik sekar Nilawindu Dewi Widawati yen wis bedhah dhadhane Bethara Wisnu.
601. Kalakirna : Lek ngono tak leboni sayembaramu.
602. Wisnu : Suwe mijet wohing ranti aku nggawe patimu.
603. Kalakirna : Yooh..., tak ayoni budimu.
604. Wisnu : Kakang ngatos-atos kakang.

605. Basuki : Wisnu..., tak jampangi saka kadohan.
 606. Wisnu : Tekamu ana kahyangan padha ae karo nyungsung tekane wahaya, nggelisna margane antakamu.
 607. Kalakirna : Oleh gak oleh tak jaluk Dewi Sri....
 608. Wisnu : Klakon minger gulumu.

Gangsa mungel Ayak Kempul Kerep laras Slendro pathet Sang. Bandayuda Kalakirna mengsa Wisnu, Kalakirna kasoran, lajeng tancep siti inggil kiwa, marep manengen. Gendhing suwuk lajeng ginem.

Ginem.

609. Kalakirna : Wadhuh kalah karo Wisnu aku, pancen macan engyang suralaya. Nanging apa kelakon aku mbalik dalan. Wisnu....., pisan tak sepura, pindho kalamerta ping telu rat pengadilan, ayo..., rangsangen maneh Kalakirna.....

Pocapan

Oo..., saking nepsune Bethara Wisnu ora kuwawa ngengkreng hardane nafsu, arsa ngrangsang Kalakirna. Ngicaki ayang-ayange Kalakirna sanalika ambyuk kaya den lolos bebayune.....

Gangsa mungel Alap-apan laras Slendro pathet Sanga. Wisnu medal saking tengen nedya ngrangsang Kalakirna, wonten sak ngajenge Kalakirna, Wisnu dawah kantaka. Gendhing suwuk lajeng ginem.

Ginem.

610. Kalakirna : Hayo rasakna koen.
 611. Wisnu : Kok kalah karo sliramu aku.
 612. Kalakirna : Wadhuh Wisnu..., Iha sliramu ik iwis Macan Engyang, kok ampyak awur-awur. Se.. pandengen aku iki sapa Wisnu..... Oo...

Pocapan kairing gadhingan

Pocapan

Den pandeng klawan Bathara Wisnu, rambat-rambat pring sedhapur ginggange ponang raga, nggih punika Sang Hyang Darmajaka ingkang mijil saking anggane Kalakirna.

Gangsa mungel Ayak Kempul Kerep laras Slendro pathet Sanga Sang Hyang Darmajaka mijil saking anggane Kalakirna, tancep sak ngajengipun Kalakirna. Gendhing suwuk lajeng ginem.

Ginem.

613. Darmajaka : Wisnu..., wis weruh karo pun engyang.
 614. Wisnu : Engyang Sang Hyang Darmajaka.
 615. Darmajaka : Iya... pun eyang manunggal sajiwa kalawan Kalakirna, mula jeneng kita Wisnu aja kaget bab iki minangka gegambaran ing mbesuk sapa sayektine Kalakirna iki...
 616. Wisnu : Mekaten eyang.
 617. Darmajaka : Iya..., mula saiki aturna marang wong atuwa kita apa karepe Kalakirna dimen den sumurupi dening Bathara Guru...
 618. Wisnu : Nggih menawi mekaten badhe kula estokaken eyang.
 619. Darmajaka : Eling dieling, yen mbesuk ana nalendra dharah putih iku pun eyang ya ngger...

Sang Hyang Darmajaka wangsul dateng anggane Kalakirna. Kalajengaken ginem.

Ginem.

620. Kalakirna : Wis aku enggal adhepna marang wong tuwamu, gak, gak, gak tak jaluk gak....., aku iku sejatine ndoleki sing dadi krenteging rasaku jaman ana crita Negara Rogastina. Ha.. iku ndoleki gandhengane uripku, ngono...
 621. Wisnu : Menawi mekaten mangga eyang kula dhe-rekaken marak wonten ngarsane kanjeng rama pukulun.
 622. Kalakirna : Ayo..., adhepna marang ngersane Bathara Guru aku.

Gangsa mungel Ayak Kempul Kerep laras Slendro pathet Sanga. Ringgit sami bedholan lumampah manengen marak sowan dhateng Bethara Guru. Sigeg kayon gantos ing khayangan Suralaya. Batara Guru kawedalaken saking tengen nuli tancep siti inggil tengen. Kalakirna medal saking kiwa, atur sembah nuli tancep paseban kiwa. Gendhing suwuk lajeng bendhengan, nuli ginem.

Bendhengan

$\overset{\cdot}{3}$ $\overset{\cdot}{3}$ $\overset{\cdot}{3}$ $\overset{\cdot}{3}$ $\overset{\cdot}{3}$ $\overset{\cdot}{3}$
 Sang Hyang mayang dewa

$\overset{\cdot}{3}$ $\overset{\cdot}{3}$ $\overset{\cdot}{3}$ $\overset{\cdot}{2}$ $\overset{\cdot}{2}$ $\overset{\cdot}{6}$ $\overset{\cdot}{6}$ $\overset{\cdot}{6}$ $\overset{\cdot}{6}$ $\overset{\cdot}{6}$ $\overset{\cdot}{3}$ $\overset{\cdot}{5}$ $\overset{\cdot}{3}$ $\overset{\cdot}{3}$
 tumuruna titi sonya tengah wengi

$\overset{\cdot}{1}$ $\overset{\cdot}{2}$ $\overset{\cdot}{3}$ $\overset{\cdot}{3}$ $\overset{\cdot}{3}$ $\overset{\cdot}{3}$ $\overset{\cdot}{3}$ $\overset{\cdot}{3}$ $\overset{\cdot}{1}$ $\overset{\cdot}{2}$ $\overset{\cdot}{1}$ $\overset{\cdot}{1}$
 nyeksenana tangkepe pra pandhawa

Ginem.

623. Batara Guru : Kalakirna..
624. Kalakirna : Wonten dhawuh pukulun, sampun nyumurupi nami kula.
625. Batara Guru : Miturut ature Kakang Narada jeneng kita arep nyuwun Bethari Sri.
626. Kalakirna : Pukulun sampun mangertos raos kula.
627. Batara Guru : Iya Kalakirna, ulun mangerteni mungguh sejatine karep kita iki apa. Sepisan kepingin ilange penyakit kang mbok sandhang. Bab iku jeneng kita kudu nrima Kalakirna, kaping pira jeneng kita gawe pepati duk natkala jaman Subali, wong utama mbok prawasa awit jeneng kita nuruti karepe murid kita nalika samana Nalendra Ngalengkadiraja Dasamuka. Arjunawijaya iku ora dosa perkara, hambege nalendra kang utama malah mbok prawasa nuruti wadulane muridmu si Dasamuka. Eling....
628. Kalakirna : Inggih pukulun.
629. Batara Guru : Mula jeneng kita saiki kepingin waluya temah jati, jati temah nirmala saka memala kang kita sandhang, lan bali ketemu maneh karo sisihanmu Dewi Widawati, jeneng kita kudu utang sepisan maneh....
630. Kalakirna : Utang.....?? utang napa pukulun.

631. Batara Guru : Utang pati.
 632. Kalakirna : Wadhuh..., utang mati..., utang mati kados pundi pukulun...
 633. Batara Guru : Wruhana, Bethari Mindarada saiki sumusup ana anggane putri Purwacarita Ni Dewi Sumaliwati, kang dinane iki kadhusta dening Nalendra Sunggela Manik Prabu Jalawalikrama. Yen jeneng kita wis bisa ngrebut Dewi Sumaliwati saka tangane Jalawalikrama yekti bakal kasembadan apa kang kita gayuh.
 634. Kalakirna : Lha..., menawi mekaten kula nyuwun pamit badhe madosi Dewi Sumaliwati.
 635. Batara Guru : Iya dak pangestoni

Gangsa mungel Ayak Kempul Kerep laras Slendro pathet Sanga. Bedholan, Kalakirna atur sembah nuli lumampah mangiwa. Batara Guru kabedhol lumampah manengen. Sigeg kayon sak rambahan. Kalakirna saking tengen nuli tancep siti inggil tengen. Gendhing suwuk lajeng bendhengan walik pathet serang, kalajengaken ginem.

Bendhengan

3̣ 3̣ 3̣ 3̣ 3̣ 1̣ 2̣ 1̣ 1̣
 Bang-bang wetan wus ke ti ngal

3̣ 2̣ 1̣ 5̣ 6̣ 1̣ 6̣ 5̣ 5̣
 Sumunaring mendhung pethak umpak

3 5 6 6 6 6 3 6̣ 1̣ 1̣ 1̣ 1̣
 Yen cinandra kadya ngresepna driya

1 2 3 1 6 5 3 3 3 3
 Bang bang wetan wus katingal umpak
 Ginem.

636. Kalakirna : Durung adoh anggonku lumaku, iki kok keprungu swarane wong nangis..., lha nduk alas gung liwang-liwung ngene kok ana swarane wong wedok nangis melas asih. Jajal se...tak lelutine, iki swarane jim apa menungsa iki....

Gangsa mungel Ayak Kempul Kerep laras Slendro pathet Serang. Kalakirna kalampahaken mangiwa. Jalawalikrama kawedalaken sa-

king kiwa sinaretan katutup kayon, tancep paseban kiwa radi mlu-mah (kaentha turu), kayon kaentas. Kalakirna medal saking tengen, tancep siti inggil tengen. Gendhing suwuk lajeng bendhengan, nuli ginem.

Ginem.

637. Kalakirna : Wah iki ana wong kepegelen, keturon iki.
 638. Sumaliwati : Tobaat..., tulungana aku, sapa gelem nulungi aku.....
 639. Kalakirna : Wooo..., ana kene iki swara tangis iki, mulane kok nglayung-nglayung olehe nangis, waah... dilebokna kancing gelung ngene, ya' apa karepe ratu iki. Gak enak rasaku, mesthi maling iki....

Gangsa mungel Ayak laras Slendro pathet Serang. Sumaliwati dipun dal-aken saking kancing gelung, lajeng tancep siti inggil kiwa sak ngajengipun Jalawalikrama ingkang nembe sare. Gendhing suwuk lajeng ginem.

Ginem.

640. Sumaliwati : Ndika sinten kisanak...
 641. Kalakirna : Wah..., iki..., Kalakirna jenengku ndhuk. Awakmu iki sapa.
 642. Sumaliwati : Aku Dewi Sumaliwati.
 643. Kalakirna : Wah iiki lek ngono sing tak goleki, iya gak pangling aku, thekku biyen iki. Sumaliwati, sliramu kok ana jroning kancing gelung iku mau critane ya' apa.
 644. Sumaliwati : Aku dicolong karo Nalendra Sunggela Manik Prabu Jalawalikrama, aku tulungana ya Kalakirna...
 645. Kalakirna : Aku gelem nulungi, tapi opahe apa ndhuk....
 646. Sumaliwati : Karepmu njaluk apa..
 647. Kalakirna : Ah... jane aku gak pangling karo sliramu. Apa gak eling nalika jaman semana, sliramu ki dadi bojoku lho ndhuk....
 648. Sumaliwati : Iya sejatine aku ora pangling. Eling jaman semana....
 649. Kalakirna : Lho..., wis tenger-tengeran rek...cocog iki wis. Ha nek ngono Kalakirna bisa angreksa marang garwane biyen. Mula dina iki sek-senana, Bethara Guru ya mesthi nyekseni

- yen Kalakirna iku sejatine ya Reksa Saputra.
Hangreksa marang garwane. Wis temen
mantep dadi bojoku....
650. Sumaliwati : Aku pasrah jiwa raga marang kakang Kalakirna ya kakang Reksa Saputra.
651. Kalakirna : Mundura....

Pocapan kairing gadhingan, sinambi ngentas sumaliwati lumampah manengen.

Pocapan

Wauta mangkana, wulucumbu ingkang cukul wonten poking jempolane sikil den glintir, jinabut kaget Jalawalikrama

Gangsa mungel Alap-alapan laras slendro pathet serang. Kalakirna hanjabut wulu cumbu. Jalawalikrama cekekal tangi semu duka yayah sinipi. Kalakirna tancep malih, Jalawalikrama tancep siti inggil kiwa, ringgit adep-adepan. Gendhing suwuk lajeng ginem.

Ginem.

652. Jalawalikrama : Lha dalah, dadak ana wong sing bisa ngonangi aku ndhelik ana jroning Guwa Winangun. Sapa iki....
653. Kalakirna : Aku Kalakirna ya Reksa Saputra.... Lha jenengmu sapa...
654. Jalawalikrama : Lha dalah, Reksaseputra, aku Nalendra Sunggela Manik Prabu Jalawalikrama.
655. Kalakirna : Jalawalikrama, karepmu apa.
656. Jalawalikrama : Tak jaluk Dewi Sumaliwati.
657. Kalakirna : Gak iisa, wong garwaku...Nek arep njaluk Sumaliwati langkahana bangkene Reksa Saputra ya Kalakirna...
658. Jalawalikrama : Keparat..!!!

Gangsa mungel Alap-alapan laras Slendro pathet Serang. Perang Jalawalikrama kasoran, dipun idak. Gendhing suwuk lajeng pocapan.

Pocapan

Nalendra Sunggela Manik kaprawasa dening Reksa Saputra ya Kalakirna, dhawah ing siti den candhak dening Reksa Saputra sinaut

gulune, kagigit pedhoting gurung njrebabah ndhepani bantala den tekakna jaman rat pengadhilan, kombul ponang sukma.

Gangsa mungel Alap-alapan laras Slendro pathet Serang. Ringgit perang malih, lena Jalawalikrama dipun gigit dening Kalakirna pejah saknalika. Jalawalikrama tancep paseban kiwa mlumah (kaentha pejah) Kalakirna tancep siti inggil tengen. Medal sesarengan saking anggane Jalawalikrama lan Kalakirna (Jalawalikrama=Sugriwa, Kalakirna=Subali). Sugriwa lan Subali kaentha sami nggegana. Gendhing suwuk lajeng ginem.

Ginem.

659. Sugriwa : Oh... ya, ya. Apa kakang pangling karo aku.
 660. Subali : Aku ora pangling karo rika nadyan aku wus manunggal klawan ragane Reksa Saputra ya Kalakirna.
 661. Sugriwa : Saiki aku mbok prawasa, titenana mbesuk kakang, aku bakal males marang kakang Subali. Titi mangsa yen mbesuk ana bocah nom-noman sing wani karo maratuwane ya iku aku kakang...wis kariya slamet kakang....

Gangsa mungel Alap-alapan laras Slendro pathet Serang. Sugriwa kalampahaken mangiwa, Subali wangsul dateng anggane Kalakirna. Jalawalikrama ingkang awujud bangke kaentas mangiwa sinaretan katutup kayon. Sumaliwati medal saking tengen nuli tancep siti inggil kiwa marep manengen. Gendhing suwuk lajeng ginem.

Ginem.

662. Kalakirna : Wis kelakon sirna Prabu Jalawalikrama.
 663. Sumaliwati : Menawi mekaten mangga kula dherekaken marak sowan ing ngarsa rama Prabu Sumalidewa.
 664. Kalakirna : Yen kaya mangkono ayo dak tutne lakumu wong ayu....

Gangsa mungel Ayak Slendro pathet Serang. Ringgit sami kalampahaken mangiwa bidhal dhateng Purwacarita. Sigeg kayon gantos papan. Kalakirna kawedalaken saking tengen papakan lan Kuswanalendra, Kalakirna tancep siti inggil tengen, Kuswa tancep siti inggil kiwa, Sumaliwati medal saking tengen nuli tancep siti inggil tengen sak

wingkingipun Kalakirna. Gendhing suwuk lajeng bendhengan nuli ginem.

Bendhengan

3̣ 3̣ 3̣ 3̣ 3̣ 3̣ 1̣ 21̣ 1̣
Sumunaring sang dewangkara

3̣ 2̣ 1̣ 5̣ 5̣ 5̣ 5̣ 6̣ 1̣ 65̣ 5̣
Anyoroti mega lan gunung gunung

3̣ 5̣ 6̣ 6̣ 6̣ 6̣ 3̣ 61̣ 1̣
Binarung ocehing ku ki la

1̣ 2̣ 3̣ 3̣ 3̣ 3̣ 3̣ 1̣ 653̣ 3̣
Yen kapyarsa gawe nges-ing dri ya

Ginem.

665. Kuswanalendra : Iki sapa ana buta elek wani mapag lakuku.
666. Kalakirna : Aku Reksa Saputra, biyen nalika neng pertapan aran Kalakirna, Iha sliramu iki sapa.
667. Kuswanalendra : Aku Putra Durjanapura Kuswanalendra aranku, Iha sing mbok gandheng iku sapa.
668. Kalakirna : Iki putri Purwacarita Dewi Sumaliwati kang dicolong dening duratmaka.
669. Kuswanalendra : Woo, yen ta kaya mangkono gedhe panarimaku dene sliramu bisa nemokna calon garwaku kang dicolong dening duratmaka.
670. Kalakirna : Koen iku ngaku-ngaku kebagusen-a, toh nyawa olehku mbelani Sumaliwati.
671. Kuswanalendra : Oleh tak Jaluk gak oleh tak jaluk wong iku calon garwaku. Apa *klakon* tak kendhaleni rangah sliramu.
672. Kalakirna : Waaa.... Nemu perkara maneh awak iki, iya ta yen pancene mangkono, wong jenenge Sri Utamane Kakung, Sri wadon utama temen kakung wong lanang, pira bara wong lanang kepingin rabi ayu lek ora kepingin ancik-ancik pucuking braja kudu wani caring grabean. Kalahna dhisik Kalakirna bakal tak ulungna Dewi Sumaliwati.
673. Kuswanalendra : Wooo, Iha dalah. buta elek kakehan ucap, ora kok pasrahna marang Kuswanalendra *klakon* minger cagake kupingmu.

674. Kalakirna : Lek koen menang karo aku buncimu apa le..

Gangsa mungel Alap-alapan Slendro pathet Serang. Ringgit sami perang. Sumaliwati kalampahaken menengen. Kuswanalendra perang sawetawis nanging kawon. Kuswa kasawataken mangiwa, resaseputra hanututi. Kuswa kumleyang mangiwa. Gendhing suwuk lajeng pocapan

Pocapan

Kaprawasa Putra Durjanapura Raden Kuswanalendra. Dhawah sampembalang arsa magut ing payudan malih katampi Reksa Saputra. Den petak kaya gegodhongan katut ilining samirana, kumleyang dhawah wonten tepis wirining Negari Durjanapura.

Gangsa mungel Alap-alapan Slendro pathet Serang. Kuswanalendra kumleyang dawah katungka Resaseputra, kacandak, kabanting nuli kapetak dhawah kabuncang, kumleyang. Kalakirna nuli tancep siti inggil tengen, sumaliwati medal saking tengen tancep siti inggil kiwa. Gendhing suwuk lajeng ginem.

Ginem.

675. Sumaliwati : Mangga kangmas dipun lajengaken anggenipun badhe marak sowan dhateng kanjeng rama prabu.
676. Kalakirna : Iya yayi, jane aku seneng ana ing tepis wirining Guwa Winangun kene iki. Mbesuk bakal tak nggoni madhepok, tak jenengne Per-tapan Guwa Wara Winangun.
677. Sumaliwati : Nuwun inggih kangmas kula badhe dherek penjenengan.
678. Kalakirna : Yen kaya mangkono ayo bebarengan ngadhup marang ngarsane ramamu.
679. Sumaliwati : Sumangga kangmas kula dherekaken

Gangsa mungel Ayak Slendro pathet Serang. Ringgit sami kabedhol lumampah manengen. Sigeg kayon, gantos papan nenggih kraton Purwacarita. Sumalidewa kawedalaken saking tengen nuli tancep siti inggil tengen, Sumaliwati medal saking kiwa, atur sembah nuli tancep paseban kiwa, Kalakirna medal saking kiwa, atur sembah nuli tancep paseban kiwa sak wingkingipun Sumaliwati. Gendhing suwuk lajeng ginem.

Ginem

680. Sumalidewa : Sumaliwati..
681. Sumaliwati : Wonten dhawuh kanjeng rama.
682. Sumalidewa : Apa iki garwamu.
683. Sumaliwati : Nuwun inggih punika bojo kula rama.
684. Sumalidewa : Wis.. jodho ibarat pati ya ngger, nadyan di-
kaya ngapa iki kang nulungi sliramu, biso ke-
temu klawan pun rama maneh. Lha jenenge
sapa ngger.....
685. Sumaliwati : Kangmas Reksa Saputra.
686. Sumalidewa : Ngger Reksa Saputra, cundhuk klawan apa
kang dadi dhawuhku biyen, sliramu bakal
dak wisudha jumeneng nata ing Negara Pur-
wacarita kene. Kaya ngapa nggeer.....
687. Resaseputra : Oo... pangapunten kanjeng rama, kok je-
neng nampik mapan mboten, ning adrenging
manah kula punika kepingin mahambeg
brahmana madeg pendhita. Lha bojo kula ni-
ki keparenga kula boyong dhateng papan ku-
la wonten ing Guwa Wara Winangun rama,
dene dhampar keprabon kaparingna dhateng
adhi kula pun Sumalintana kemawon.
688. Sumalidewa : Ya... dak lilani, nanging aja enggal-enggal
bali marang Pertapan Guwa Wara Wina-
ngun, lerema saka sawetara ana Negara
Purwacarita kene, ora ketang mung kembang
bojana supaya sineksenan dening para war-
ga ing Purwacarita.
689. Resaseputra : Ingih ngestokaken dhawuh rama.
690. Sumalidewa : Jejodhoanmu bocah sakloron dak barengi
memuji mring gusti muga niskala nir ing
sambikala, jaya-jaya salaminya.....

TANCEP KAYON

PENUTUP

Wayang telah merupakan suatu kesenian klasik adiluhung, karena mengandung isi yang tinggi nilai falsafahnya serta sifat-sifat rohaniyah dan relegius di samping bentuk seni klasik tradisional dalam kegiatan yang ada hubungannya dengan suatu upacara kepercayaan.

Kini wayang dapat berfungsi ganda. Selain untuk pertunjukan yang bersifat hiburan dan upacara kepercayaan, wayang telah digunakan pula sebagai sarana dakwah sesuai dengan wayang yang dipentaskan.

Setelah berhasil melintasi jalan sejarah dengan kodratnya yang bebas, kreatif serta dapat menyesuaikan diri dengan perubahan zaman, wayang telah menjadi milik bangsa Indonesia, sebagai seni budaya klasik tradisional yang perlu dibina dan perlu dilestarikan oleh generasi penerusnya. Generasi muda kita, hendaknya sedini mungkin ditanamkan nilai-nilai budaya yang terkandung dalam wayang, baik yang berupa nilai falsafah dalam cerita, maupun nilai seni rupa dalam bentuk wayang itu sendiri. Juga nilai sastra yang terdapat dalam pertunjukannya yang tidak dapat kita abaikan begitu saja.

Semakin tahu tentang sesuatu, maka kita akan semakin menyadari betapa banyak hal yang belum kita ketahui. Keinginan untuk mengetahui merupakan pendorong untuk melangkah maju. Penggalan yang belum di ketahui tentang dunia pekeliran janganlah berhenti di tengah jalan, karena dengan dimikian kita akan semakin jauh dari kesenian tradisional yang adi luhung ini.

Semoga buku ini bermanfaat bagi semua yang ingin tahu hal ihwal pedalangan maupun pewayangan, sebagai seni budaya klasik tradisional Indonesia.

DAFTAR PUSTAKA

- Bambang Sugia, Ki. 2004 ***Naskah Pakeliran Jawatimuran***, Lakon Resa Seputra, Sekolah Menengah Kejuruan Negeri 9 Surabaya.
- Edi Sedyawati. 1981. ***Pertumbuhan Seni Pertunjukan***. Jakarta. Sinar Harapan *Pengetahuan Pedalangan 1*. Jakarta: Depdikbud. Direktorat Jendral Pendidikan Dasar dan Menengah. Proyek Pengadaan Buku Pendidikan Menengah Kejuruan. 1983.
- Gamelan B*. Jakarta: Depdikbud. Direktorat Jendral Pendidikan Dasar dan Menengah. ***Proyek Pengadaan Buku Pendidikan Menengah Kejuruan. 1983.***
- Haryanto.S.1989. ***Pratiwimba Adhiluhung***. Jakarta: DJAMBATAN.
- Hastanta Sri. 1995. ***Serba-Serbi Karawitan***, Makalah Seminar Karawitan
- Hastanto Sri. 2006, ***Pathet Warisan Tradisi yang Terlupakan***, Pengukuhan Guru Besar dalam bidang Etnomusikolgi ISI Surakarta.
- Mulyono, Sri, Ir. 1982 ***Wayang, Asal-usul, Filsafat dan Masa Depan***, Gunung Agung, Jakarta.
- Panenggak Widodo, Marwoto, Ki.1984 ***Tuntunan Ketrampilan Tatah Sungging Wayang Kulit***, Citra Jaya, Surabaya.
- Pengetahuan Karawitan Daerah Surakarta***. Jakarta: Depdikbud. Direktorat Jendral Pendidikan Dasar dan Menengah. Proyek Pengadaan Buku Pendidikan Menengah Kejuruan. 1983.
- Pengetahuan Karawitan Daerah Yogyakarta***. Jakarta: Depdikbud. Direktorat Jendral Pendidikan Dasar dan Menengah. Proyek Pengadaan Buku Pendidikan Menengah Kejuruan. 1983.

- Pengetahuan Karawitan Jawa Timur.** Jakarta: Depdikbud. Direktorat Jendral Pendidikan Dasar dan Menengah. Proyek Pengadaan Buku Pendidikan Menengah Kejuruan. 1983.
- RA, Djumiran, dkk.1995/1996Lagon **Vokal Dalang Jawatimuran**, Dinas P & K Propinsi Daerah Tingkat I Jawa Timur.
- Sastroamidjojo, Seno, Dr.1964 **Renungan tentang Pertunjukan Wayang Kulit**, Kinta, Jakarta.
- Sumarno, Poniran., & Rasona, Atot.1983 **Pengetahuan Pedalangan Jilid 2**, Departemen P & K, Dirjen Pendidikan Dasar dan Menengah, Direktorat Pendidikan Menengah Kejuruan, Proyek Pengadaan Buku Pendidikan Menengah Kejuruan, Jakarta.
- Soetarno. 2004. **Wayang Kulit** : Perubahan Makna Ritual dan Hiburan, STSI Press, Surakarta.
- Surwedi, Ki. 2007. **Layang Kandha Kelir**, Lakon Ramayana, Penerbit, Bagaskara Jogjakarta dan FORLADAJA
- Surwedi, Ki. 2007. **Layang Kandha Kelir**, Lakon Mahabarata, Penerbit, Bagaskara Jogjakarta dan FORLADAJA
- Sutrisno, R.1983/1984. **Sekilas Dunia Wayang dan Sejarahnya**, Proyek Pengembangan IKI, Sub Proyek ASKI Surakarta.
- Victoria M. Clara van Groenendael. 1987. **Dalang di Balik Wayang**. Jakarta. Pustaka Utama Grafiti.

DAFTAR GAMBAR

- Gambar 1.1 *Wayang Cina, Muangthai, Kamboja*
- Gambar 1.2 *Wayang Beber Pacitan (Adegan dalam cerita Joko Kembang Kuning)*
- Gambar 1.3 *Wayang gaya Cirebon, dalam cerita Ramayana*
- Gambar 1.4 *Batara Bayu (Wayang Jawa Timuran)*
- Gambar 1.5 *Harjuna Sasrabahu (Jawa Timuran)*
- Gambar 1.6 *Dewi Sembadra*
- Gambar 1.7 *Batara Kala*
- Gambar 1.8 *Bagong dan Semar menghadap Berjanggalpati*
- Gambar 1.9 *Wayang Golek Pakuan (Adegan Jan Pieterszoon Coen dan Prabu Siliwangi)*
- Gambar 1.10 *Wayang Golek Cirebon atau Wayang Cepak*
- Gambar 1.11 *Wayang Kulit Betawi atau Wayang Tambun*
- Gambar 1.12 *Batara Guru (Wayang Ukur)*
- Gambar 1.13 *Wayang Candi*
- Gambar 1.14 *Yudayaka (Wayang Madya)*
- Gambar 1.15 *Wayang Gedog (Prabu Bromosekti, Raden Gunungsari, Ronggolawe, Prabu Klono Madukusumo)*
- Gambar 1.16 *Wayang Klitik (Adegan Raden Damarwulan beserta abdi punakawan Sabdapalon dan Nayagenggong)*
- Gambar 1.17 *Wayang Kulit Menak (Prabu Lamdahur, Prabu Nusrwan, Dewi Muninggar, Wong Agung Jayengrono dan Umar Moyo)*
- Gambar 1.18 *Wayang Golek Menak dari Kebumen (Umarmoyo)*
- Gambar 1.19 *Wayang Sasak*
- Gambar 1.19 *Arjuna (Wayang Bali)*
- Gambar 1.20 *Sugriwa (Wayang Bali)*
- Gambar 1.21 *(Wayang Dupara) Harya Panangsang*
- Gambar 1.22 *Wayang Jawa (Jaka Tingkir)*
- Gambar 1.23 *Wayang Suluh (Bung Karno, Bung Hatta, Schermerhorn serta orang-orang belanda lainnya)*
- Gambar 1.24 *Wayang Wahyu*
- Gambar 1.25 *Bima (Wayang Pancasila)*
- Gambar 1.26 *Wayang Sadat (Sunan Ampel dan Raden Patah)*
- Gambar 1.27 *Wayang Diponegaran*

| | |
|-------------|--|
| Gambar 1.28 | <i>Makutha (Mahkota)</i> |
| Gambar 1.29 | <i>Topong</i> |
| Gambar 1.30 | <i>Batara Narada dengan menggunakan Serban</i> |
| Gambar 2.1 | <i>Serban Pendeta</i> |
| Gambar 2.2 | <i>Kopyah Panakawan</i> |
| Gambar 2.3 | <i>Kopyah Mekena tanpa jamang</i> |
| Gambar 2.4 | <i>Kopyah berjamang sembuliyan dan menggunakan garuda mungkur.</i> |
| Gambar 2.5 | <i>Gelung Supit Urang Polos</i> |
| Gambar 2.6 | <i>Gelung supit urang dengan garuda mungkur.</i> |
| Gambar 2.7 | <i>Gelung supit urang sanggan.</i> |
| Gambar 2.8 | <i>Gelung keling pada wayang putri</i> |
| Gambar 2.9 | <i>Gelung keling tanpa jamang, pada wayang putra</i> |
| Gambar 2.10 | <i>Sanggul Keling menggunakan jamang dan garuda mungkur</i> |
| Gambar 2.11 | <i>Sanggul gembel menggunakan jamang dan garuda mungkur</i> |
| Gambar 2.12 | <i>Sanggul bundel dengan garuda mungkur</i> |
| Gambar 2.13 | <i>Sanggul ukel pada wayang putri</i> |
| Gambar 2.14 | <i>Mahkota (makutha) dengan jamang bersusun tiga</i> |
| Gambar 2.15 | <i>Jamang bersusun tiga dengan garuda mungkur</i> |
| Gambar 2.16 | <i>Bentuk jamang dengan ragam hias tanaman rambat</i> |
| Gambar 2.17 | <i>Kelat bahu Nagamangsa</i> |
| Gambar 2.18 | <i>Kelatbahu Candrakirana</i> |
| Gambar 2.19 | <i>Kelat bahu Calumpringan</i> |
| Gambar 2.20 | <i>Sumping Surengpati</i> |
| Gambar 2.21 | <i>Sumping Waderan</i> |
| Gambar 2.22 | <i>Sumping Sekar Kluwih</i> |
| Gambar 2.23 | <i>Sumping Pudak Sinumpet</i> |
| Gambar 2.24 | <i>Kalung makara/kebo mengah</i> |
| Gambar 2.25 | <i>Ulur-ulur Naga karangrang</i> |
| Gambar 2.26 | <i>Kalung Saputangan</i> |
| Gambar 2.27 | <i>Kalung Selendang</i> |
| Gambar 2.28 | <i>Sembuliyon Tunggal</i> |
| Gambar 2.29 | <i>Sembuliyon Rangkap</i> |
| Gambar 2.30 | <i>Lipatan Kain (suwelan)</i> |
| Gambar 3.1 | <i>Sabuk Kain (kemben)</i> |
| Gambar 3.2 | <i>Sabuk Sembung</i> |
| Gambar 3.3 | <i>Sabuk Stagen</i> |
| Gambar 3.4 | <i>Tatahan Manggaran</i> |
| Gambar 3.5 | <i>Wayang Bokongan tepi kain halus</i> |
| Gambar 3.6 | <i>Wayang Bokongan dengan sembuliyan</i> |
| Gambar 3.7 | <i>Wayang Bokong Miring</i> |
| Gambar 3.8 | <i>Uncal Kencana</i> |

| | |
|-------------|--|
| Gambar 3.9 | <i>Uncal Wastra</i> |
| Gambar 3.10 | <i>Uncal Wastra dan Uncal Kencana</i> |
| Gambar 3.11 | <i>Kayon sebagai lambang api</i> |
| Gambar 3.12 | <i>Kayon Sebagai lambang dunia</i> |
| Gambar 3.13 | <i>Posisi kayon sebelum pertunjukan dimulai</i> |
| Gambar 3.14 | <i>Posisi Kayon sebelum pertunjukan dimulai (Kayon Jawa Timuran)</i> |
| Gambar 3.15 | <i>Raden Kertawirya</i> |
| Gambar 3.16 | <i>Begawan Suwaja</i> |
| Gambar 3.17 | <i>Sumantri</i> |
| Gambar 3.18 | <i>Sukasrana</i> |
| Gambar 3.19 | <i>Matswapati (Raja Wirata)</i> |
| Gambar 3.20 | <i>Jejer Negara Wiratha (Rajamala, Kencakarupa, Rupakenca, Matswapati, Seta)</i> |
| Gambar 3.21 | <i>Dewi Utari</i> |
| Gambar 3.22 | <i>Basudewa (Raja Mandura)</i> |
| Gambar 3.23 | <i>Narayana</i> |
| Gambar 3.24 | <i>Kakrasana dan Baladewa</i> |
| Gambar 3.25 | <i>Batara Narada</i> |
| Gambar 3.26 | <i>Semar</i> |
| Gambar 3.27 | <i>Batara Guru</i> |
| Gambar 3.28 | <i>Batara Brama</i> |
| Gambar 3.29 | <i>Batara Wisnu</i> |
| Gambar 3.30 | <i>Sriwidowati</i> |
| Gambar 4.1 | <i>Dasamuka</i> |
| Gambar 4.2 | <i>Begawan Sarwa dan Dewi Sukesi</i> |
| Gambar 4.3 | <i>Kumbakarna</i> |
| Gambar 4.4 | <i>Sarpakenaka dan Wibisana</i> |
| Gambar 4.5 | <i>Begawan Suwaja</i> |
| Gambar 4.6 | <i>Kuswanalendra</i> |
| Gambar 4.7 | <i>Sakri</i> |
| Gambar 4.8 | <i>Bagong dan Semar</i> |
| Gambar 4.9 | <i>Berjanggalapati</i> |
| Gambar 4.10 | <i>Sentanudewa</i> |
| Gambar 4.11 | <i>Dewabrata</i> |
| Gambar 4.12 | <i>Abiyasa</i> |
| Gambar 4.13 | <i>Tancepan dua tokoh</i> |
| Gambar 4.14 | <i>Bagian Paseban dan Siti Inggil</i> |
| Gambar 4.15 | <i>Tancepan Paseban dan Siti Inggil</i> |
| Gambar 4.16 | <i>Cepengan Ngepok 1</i> |
| Gambar 4.17 | <i>Cepengan Ngepok 2</i> |
| Gambar 4.18 | <i>Jenis Cepengan</i> |
| Gambar 4.19 | <i>Berbagai bentuk gunung</i> |
| Gambar 4.20 | <i>Macam-macam Senjata Keris</i> |
| Gambar 4.21 | <i>Macam-macam Gada</i> |
| Gambar 4.22 | <i>Macam-macam Panah</i> |

| | |
|--------------------|--|
| <i>Gambar 4.23</i> | <i>Keprak dan Cantholan Keprak</i> |
| <i>Gambar 4.24</i> | <i>Cempala Asta dan Cempala Suku</i> |
| <i>Gambar 4.25</i> | <i>Panggung Dalang</i> |
| <i>Gambar 4.26</i> | <i>Penataan (setting) panggung wayang, dalang dan gamelan gaya Jawatimuran</i> |
| <i>Gambar 4.27</i> | <i>Penataan (setting) panggung wayang, dalang dan gamelan gaya Surakarta</i> |
| <i>Gambar 4.28</i> | <i>Panggung Wayang dan bagian-bagiannya</i> |
| <i>Gambar 4.29</i> | <i>Panggung wayang dengan bentuk dan warna lain</i> |
| <i>Gambar 4.30</i> | <i>Rebab</i> |
| <i>Gambar 5.1</i> | <i>Kendang Jawa Timuran</i> |
| <i>Gambar 5.2</i> | <i>Gender penerus (lanang)</i> |
| <i>Gambar 5.3</i> | <i>Bonang Babok</i> |
| <i>Gambar 5.4</i> | <i>Slenthem</i> |
| <i>Gambar 5.5</i> | <i>Demung</i> |
| <i>Gambar 5.6</i> | <i>Saron Penerus (Peking)</i> |
| <i>Gambar 5.7</i> | <i>Saron</i> |
| <i>Gambar 5.8</i> | <i>Kenong</i> |
| <i>Gambar 5.9</i> | <i>Gong Sak Plagri dan Gong Suwukan</i> |
| <i>Gambar 5.10</i> | <i>Gambang</i> |
| <i>Gambar 5.11</i> | <i>Siter</i> |
| <i>Gambar 5.12</i> | <i>Suling</i> |

DAFTAR NAMA-NAMA KURAWA

| | |
|--------------|------------------|
| Adityaketu | Durmasana |
| Agrasara | Durnandaka |
| Agrayayin | Durpramata |
| Anuwenda | Durprasadarsa |
| Aparajita | Dursaha |
| Balaki | Dursaya |
| Balawardana | Dursatwa |
| Bimasulawa | Dursara |
| Bimawega | Dursasana |
| Bogadenta | Dewi Dursilawati |
| | |
| Bomawikata | Durta |
| Bwirajasa | Durwega |
| Carucitra | Duryuda |
| Citrwana | Duryudana |
| Citraboma | Dusprajaya |
| Citraga | Dwiloncana |
| Citraksa | Ekaboma |
| Citraksi | Ekatana |
| Citrakundala | Gardapati |
| Citrawarman | Gardapura |
| | |
| Danurdara | Habaya |
| Dirgabahu | Hagnyadresa |
| Dirgalasara | Halayuda |
| Dirgama | Hanudara |
| Dirgaroma | Jalasaha |
| Dredasetra | Jalasantaka |
| Dredawarma | Jalasuma |
| Dredayuda | Jarasanda |
| Dredakesti | Kartamarma |
| Durbahu | Kenyakadaya |
| | |
| Durdara | Kratana |
| Durdarsa | Kundayasin |
| Durgempa | Mahabahu |
| Durkarana | Nagadata |
| Durkaruna | Patiweya |
| Durkunda | Pratipa |
| Durmada | Rudrakarman |
| Durmagati | Senani |
| Durmanaba | Somakirta |
| Durmuka | Srutayuda |

C2

Sulocana
Suwarcas
Trigarba
Udadara
Ugayuda
Ugrasrawa
Ugraweya
Upanandaka
Upacitra
Wahkawaca

Watawega
Wikataboma
Windandini
Wingwingsata
Wirabahu
Wisalaksa
Wiyudarus
Yutadirga
Yutatirta
Yuyutsu

ISBN 978-602-8320-85-6

ISBN 978-602-8320-87-0

Buku ini telah dinilai oleh Badan Standar Nasional Pendidikan (BSNP) dan telah dinyatakan layak sebagai buku teks pelajaran berdasarkan Peraturan Menteri Pendidikan Nasional Nomor 45 Tahun 2008 tanggal 15 Agustus 2008 tentang Penetapan Buku Teks Pelajaran yang Memenuhi Syarat Kelayakan untuk digunakan dalam Proses Pembelajaran.

HET (Harga Eceran Tertinggi) Rp. 14,498.00